


JAN ANJ LAN TE VIN KOTE M, AK KOMISYON LI AN

 E frè yo petèt ap . . . Mwen wè plizyè aparèy kasèt anba a la, e yo pral anrejistre sa, byen antandi. Nenpòt lè ou vle konnen jis ki sa Sentespri te di w, al wè frè yo isi a ki gen aparèy kasèt sa yo, yo ka fè sa rejwe ankò nèt ale, ou ka tonbe sou ka w la egzaktaman. Epi gade pou wè si li p ap rive jis egzaktaman fason Li te di a, ou wè. Lè w tande l pwononse “MEN SA SEYÈ A DI, ‘Yon bagay kèlkonk, oswa sa se fason sa a,’” oswa jis verifye l pou wè si sa se vre oswa non. Ou wè? Se fason sa li toujou ye.

² Kounye a, jis pou yon ti kontèks . . . E mwen jis on jan kontan aswè a poutèt se jis kèk nan nou ki isi a. Nou se jis moun lakay, pa vre? Pa gen nou youn ki etranje. Nou pa . . . Mwen ka jis itilize gramè Kentucky m lan epi santi m lakay mwen kounye a menm, paske nou—nou jis . . . E mwen p ap pale Kentucky mal kounye a, si gen nenpòt moun la ki moun Kentucky. Èske gen yon moun la ki moun Kentucky? Leve men w. Gade! Mwen ta dwe santi m lakay mwen menm, pa vre? Sa bèl anpil.

³ Manman m te abitye dirije yon pansyon. Epi yon jou mwen te desann la pou m t al wè . . . Te gen yon gran gwoup mesye ki te pansyonè la, epi te gen yon gwo tab, long ki te ranje. Epi m te di: “Konbyen moun isi a ki moun Kentucky, leve kanpe.” Tout moun te leve kanpe. E m te al legliz jou swa sa a, legliz pa m, epi m te di: “Konbyen moun isi a ki moun Kentucky?” Tout moun te leve kanpe. Alò mwen te di: “Ebyen, sa se trè byen.” Misyonè yo fè yon bon travay, alò nou tèlman rekonesan pou sa.

⁴ Kounye a, nan Liv Women yo, chapit 11 la ak vèsè 28 la. Tande byen kounye a lekti k ap fèt nan Lekriti.

*Pou sa k konsène levanjil la, yo se lenmi poutèt nou:
men pou sa k konsène eleksyon an, yo se byenneme
de . . . poutèt papa a.*

Paske kado ak apèl Bondye yo san repantans.

⁵ Annou priye. Seyè, ede nou aswè a kounye a kòm n ap abòde sa ak reverans, ak tout kè nou, nan senserite, sèlman pou glwa pa W bagay sa yo te di. Epi ede m, Seyè, epi jis mete nan lespri m jis bagay yo ki ta dwe di epi ki kantite ki pou di. Fè m rete nan lè pa W. Mwen mande pou chak kè va resevwa bagay sa yo pou benefis malad yo ak sa yo ki nan nesosite nan asanble sa a. Paske mwen mande l nan Non Jezikri. Amèn.

⁶ Bon, mwen vle abòde sijè sa a jis pandan nou pa anpil. Epi—epi m ap eseye pa kenbe nou twò lontan, m ap depoze mont mwen

an isi a epi m ap eseye fè sa m kapab kounye a pou m kite nou ale bonè pou nou ka retounen demen swa. Bon, rete nan lapriyè. Mwen pa kwè jènjan an te menm distribye kat yo. Mwen pa t janm mande li si li. . . E si yo pa t distribye oswa si yo te fè l oswa pa t fè l, sa pa fè anyen. Nou genyen kat isi a kanmenm si nou dwe rele kèk moun. Alò, si non, ebyen, n ap jis gade ki sa Sentespri a di.

⁷ Bon, si w ap koute byen. . . Kounye a, sa kapab. . . paske mwen. . . Se jis kèk nan nou ki isi a, se yon bon moman pou di sa, paske sa—sa gen rapò avèk pwòp vi pèsònèl pa m. E se rezon sa a mwen li Ekriti sa a aswè a, pou ke ou ka wè ke don yo ak apèl yo se pa nenpòt bagay ke nenpòt moun ka merite.

⁸ Pòl ap pale isi a, li di: “Jwif yo, parapò a Levanjil la, yo te avèg e yo te rete lwen Bondye, sa, poutèt nou menm.” Men vèsè jis anvan sa, deklare: “Tout Izrayèl va sove.” Tout Izrayèl va sove. Dapre eleksyon an, Bondye Papa a renmen yo epi fè yo avèg pou ke nou Moun lòt Nasyon yo kapab jwenn yon plas kounye a pou larepentans, konsa, atravè Abraham, Semans li ta kapab beni mond lan nèt dapre Pawòl Li. Ou wè ki jan souvèrèt Bondye ye? Pawòl Li jis dwe jan l ye a. Li jis pa kapab anyen lòt. E kounye a nou, pa. . . Bondye te eli nou; Li te eli Jwif la; e Li se. . .

⁹ Tout bagay sa yo se presyans Bondye. Lè Li te pwononse yo sou fason yo te dwe egziste, Li te deja konnen l. Kounye a, Bondye, pou L kapab Bondye, fòk Li konnen lafen depi nan kòmansman osinon Li pa t Bondye enfini an. Bondye pa vle okenn moun peri. Se sèten se non! Li pa vle okenn moun peri. Men depi lè jou yo te kòmansé gen yon kòmansman, mond lan—lan, Bondye te konnen jis egzaktman kilès ki t ap sove ak kilès ki pa t ap sove. Li pa t vle moun yo pèdi, “Se pa volontè L pou okenn moun pèdi, men se volontè L pou sove tout moun,” men Li te konnen depi nan kòmansman kilès ki t ap sove ak kilès ki pa t ap sove. Se pou rezon sa Li te kapab di davans: “Bagay *sila* pral rive. Bagay *sa a* pral rive,” oswa, “*Sila* pral vin *sa*. Moun *sila* pral vin fason *sa a*.” Ou wè?

¹⁰ Li te ka konnen l davans paske Li enfini. Si w konnen ki sa sa vle di, sa se jis, “pa gen anyen ke Li pa konnen.” Ou wè, Li konnen. Ebyen, pa gen anyen depi anvan te gen tan, e ni apre p ap gen tan ankò, ou wè, Li toujou konnen tout bagay. Tout bagay se nan pansè Li. Epitou jan Pòl te di nan Women, nan chapit 8 ak chapit 9 la: “Alò poukisa Li toujou jwenn repwòch pou fè?” Alò nou wè ke, men Bondye. . .

¹¹ Se tankou preche Levanjil. Yon moun te di: “Frè Branham, èske w kwè Sa?”

Mwen di: “Gade.”

Li di: “Ou dwe ou se Kalvinis.”

Mwen di: “Mwen se Kalvinis toutotan ke Kalvinis nan Bib la.”

¹² Bon, gen yon branch sou Pyebwa a, sa se Kalvinis, men gen plis branch sou Pyebwa a, tou. Yon pyebwa gen plis ke yon sèl branch. Li te jis vle vini sou sijè Sekirite Etènèl la, e apre yon moman ou kontinye nan Inivèsalis epi ou vin tonbe kèk kote, sa pa gen fen. Men lè w fin pase sou Kalvinis, retounen dèyè epi kòmanse sou Aminyanis. Ou wè, gen yon lòt branch sou Pyebwa a, epi yon lòt branch sou Pyebwa a, jis kontinye. Tout bagay la ansanm fòme Pyebwa a. Alò mwen kwè nan—nan . . . nan Kalvinis toutotan ke li rete nan Lekriti.

¹³ Epi mwen kwè ke Bondye te konnen anvan fondasyon mond lan, Li te chwazi Legliz Li nan Kris, e Li te sakrifye Kris anvan fondasyon mond lan. Se sa Lekriti di: “Li te Ayo Bondye a ki te imole depi fondasyon mond lan.” Ou wè? E Jezi di ke Li te konnen nou anvan fondasyon mond lan, Pòl di ke “Li—Li te konnen nou epi Li te predestine nou pou adopte nou kòm pitit nan Jezikri anvan menm lemond te fòme.” Se Bondye sa. Se Papa nou an sa. Ou wè?

¹⁴ Ki fè ou pa bezwen twouble, wou yo ap woule kòm sa dwa, tout bagay ap vini jis nan tan yo. Sèl bagay la, se, antre nan kous la. E se sa ki—se sa ki bon avè l la, alò ou konnen kijan pou w fè lè w ap antre nan kous la.

¹⁵ Bon, remake kounye a: “Kado yo ak apèl yo san repantans,” se sèl fason ke dapre Lekriti mwen te kapab—te kapab jwenn plas apèl mwen nan Seyè a. E avèk konfyans ke mwen nan mitan zanmi m aswè a ki va konprann sa tout bon e ki p ap panse sa pèsònèl, men ke ou ta kapab konprann epi konnen jis ki sa—ki sa Seyè a di ke Li ta fè, e jwenn yon bagay ki an mouvman epi swiv li.

¹⁶ Bon, pou kòmanse, premye bagay ke m kapab vrèman sonje se yon vizyon. Premye bagay ke mwen ka raple m nan lespri m se yon vizyon ke Seyè a te ban mwen. E sa se te, depi plizyè, plizyè lane, mwen te yon ti gason toupiti. E m te gen yon wòch nan men m.

¹⁷ Bon, eskize m, mwen kapab sonje lè m te konn pote yon wòb long. Mwen pa konnen si nou (nenpòt nan nou tout) gen laj ase pou nou sonje lè ti gason yo te konn pote wòb long. Konbyen moun isi a ki sonje lè ti moun yo te konn pote, wi, wòb long? Ebyen, m kapab sonje, nan vye ti ajoupa m kote nou te rete a, mwen t ap rale atè a. E se te yon moun, m pa konnen kilès li te ye, ki te vini. Epi Manman te koud yon ti—ti riban ble nan wòb mwen an. Epi se apèn si m te ka mache. Men m t ap rale lè sa, epi m te konn met dwèt mwen nan nèj ki nan pye yo, epi m te konn manje nèj ki sot nan pye li antan li kanpe a kote founo a, pou li chofe. Mwen sonje manman m te konn kouri rale m vit pou sa.

¹⁸ Epi lòt bagay m sonje, se dwe apeprè dezan apre sa, m te gen yon ti wòch. E sa dwe te fè m twazan apeprè, epi ti frè m lan lè sa dwe te apèn pral gen dezan. Ki fè alò nou te deyò nan lakou dèyè

a kote k te gen yon vye ti bout lakou kote yo te konn pote bwa a pou yo koupe bwa a. Konbyen moun ki sonje jou sila yo lè yo te konn pote bwa a nan lakou dèyè a pou yo koupe li? Poukisa m pote yon kravat aswè a la? Mwen—mwen lakay mwen menm.

¹⁹ Alò lè yo. . . Deyò a la sou vye bout lakou a te gen yon ti branch bwa ki te desann la, soti nan sous la. Te gen yon vye kalbas pou plonje la nan sous la kote nou te konn pran dlo nou pou n ka ranpli yon vye bokit, yon vye bokit ki fèt ak bwa sèd, epi pote l ale.

²⁰ Mwen sonje dènye fwa mwen te wè vye ti grann mwen an anvan l te mouri, li te gen sandizan. E lè li te mouri, m te pran l nan bra mwen epi m te kenbe l konsa jis anvan l te mouri. Li te pase bra li yo alantou mwen, epi li di: “Ke Bondye beni nanm ou, cheri, kounye a e pou toutan,” lè li te mouri.

²¹ E m pa kwè madanm lan te janm posede yon—yon sèl pè soulye pou tèt pa l, nan vi l. Epi m sonje m t ap gade l, e menm lè m te yon jèn gason, m te konn desann al wè yo, chak maten fòk li leve, pye atè, epi l mache nan nèj la pou l ale jouk nan sous dlo a, pou l pran yon bokit dlo epi li retounen, pye l yo dirèkteman nan sa. Ki fè sa pa fè w mal, li te viv pandan sandizan. Ki fè (wi, mesye) li te trè, trè dyanm, tou.

²² Epi aprè mwen sonje li ta pral pale m de mab papa m te genyen yo pou l jwe lè l te yon ti gason. “E pòv ti granmoun sa a,” m te panse: “ki jan l pral fè pou l leve kanpe nan grenye sa a?” Yon vye ti kay de pyès, epi te gen yon grenye anlè l. E yo te koupe de ti pyebwa, epi yo te fè yon nechèl, pou monte anwo a. Ebyen, mwen di. . .

²³ Ebyen, bon, li di: “Bon, apre dine a m pral di w, montre w mab papa ou—ou yo.”

Epi m di: “Dakò.”

²⁴ Ki fè li ta pral montre m yo, nan yon kòf anlè a kote li te ranje bagay li yo jan vye gran moun yo abitye fè a. Epi m te panse: “Ki jan mezanmi pòv ti granmoun sa a pral fè pou l monte nechèl sa a?” Ki fè mwen te vire bò la epi m di: “Grann,” mwen di, “bon, tann, cheri, m pral monte la pou m ede w.”

²⁵ Li di m: “Metè w sou kote.” Li te monte sou nechèl la tankou yon ekirèy. Li di: “Ebyen, vini non!”

Epi mwen di: “Dakò, Grann.”

²⁶ Mwen panse: “O la la, si m te ka jis konsa, ak menm kantite fòs sa a nan mwen ankò a sandizan!”

²⁷ Bon, epi mwen sonje mwen te bò vye ti sous dlo sa a, e m te genyen yon wòch epi m t ap lanse l konsa, nan labou a, pou m te eseye montre ti frè m lan jan m te fò. Epi te genyen yon zwazo ki te poze sou pyebwa a ki t ap gazouye, vòltije, yon vye ti woujgòj oswa yon bagay. Epi, ti woujgòj la, mwen panse li te pale avèk mwen. E m te tounen pou m tande, men zwazo a te vole l ale, epi

yon Vwa te di: “Ou gen pou w pase yon gwo pati nan vi w toupre yon vil ki rele New Albany.”

²⁸ Sa se senk kilomèt de kote m te grandi a. Anviwon yon lane pita, m te ale nan plas la, san m pa t gen lide pou m te janm ale . . . New Albany. Atravè lavi, konbyen bagay sa yo . . .

²⁹ Bon, gade, fanmi m yo pat relijye. Papa m ak manman m pa t konn al legliz. Anvan sa, yo te Katolik.

³⁰ Ti neve m lan ki chita yon kote isi a aswè a, mwen panse, m pa konnen. Li se yon sòlda. M ap priye pou li. Li se Katolik limenm, li toujou Katolik. Epi yè swa, lè li te isi a e li te wè bagay Bondye sa yo, li te kanpe la menm sou estrad la. Li di, antan l te kanpe la, e li di: “Monnonk Bill?” Sa fè lontan depi ke l ap vwayaje lòt bò dlo, li di: “Lè m fin wè sa . . .” Li di: “Sa—sa pa rive nan legliz Katolik.” Li di: “Sa . . . Mwen—mwen kwè, Monnonk Bill, ou gen rezon,” li di.

³¹ Epi alò mwen di: “Cheri, se pa *mwen* ki gen rezon, se Li ki gen rezon. Ou wè, se *Li* ki gen rezon.” Epi alò li di ke li . . . Mwen di: “Bon, m p ap mande w pou w fè anyen, Melvin men jis sèvi Seyè Jezikri ak tout kè w. Ou mèt ale kote w vle. Men fòk ou sèten ke Jezikri pran nesans ankò nan kè w, ou wè, nan kè w. Alò ou mèt ale nan nenpòt legliz ou vle apre sa.”

³² Bon, sepandan moun ki vin anvan m yo te Katolik. Papa m se Ilandè epi manman m te Ilandèz. Yon sèl bagay ki koupe san Ilandè a, se grann mwen ki te yon Endyèn Cherokee. Manman m jis apeprè yon metis. Epi ki fè mwen . . . pou mwen, se pa m . . . jenerasyon nou an, rive sou twa li disparèt. Men sa se sèl bagay ki kraze zafè pou w Ilandè nèt la, siyati yo se te Harvey ak Branham. Epi dèyè sa te gen Lyons, ki se Ilandè toujou. Epi yo tout te Katolik. Men bò kote pa m, nou pa t nan zafè pratike oswa swiv ansèyman relijyon an ditou, lè nou te ti moun.

³³ Men don sa yo, vizyon sa yo, m te konn wè vizyon nan epòk sa yo jis menm jan kounye a, se vre, paske don yo ak apèl yo san repantans. Se prekesans Bondye, Bondye fè yon bagay. Diran tout vi m mwen te konn pè di yon sèl bagay sou sa.

³⁴ Nou li istwa m nan ti liv yo rele *Jezikri Se Menm Moun Lan Ayè, Jodi A, Ak Pou Tout Tan*. Mwen panse se nan kèk liv, lòt sa yo. Èske se sa, Gene? Èske se nan sa, nan liv nou abitye a—abitye a, nan—nan liv nou genyen kounye a? Èske se, *Istwa Vi M?* M kwè se sa. Alò lè nou te genyen . . . Èske sa pa tèrib? Pwòp liv pa m yo, epi m pa janm li yo, mwen menm. Men se yon lòt moun ki ekri yo, ki fè donk se jis yon bagay yo pran nan reyinyon an. M te pase ladann, alò m ap chache pou yon lòt bagay toujou rive. Ki fè, donk, yo bon, mwen li kèk pati ladan yo kounye a, isi ak la, jis lè m gen yon chans.

³⁵ E kounye a, tout jan, nou konnen kòman vizyon an te pale avè m, depi m te yon—depì m te yon ti gason, m te genyen setan konsa, epi li te di: “Piga ou bwè ni fimen ni souye kò w avèk anyen, gen

yon travay pou w fè lè w a vin pi gran.” Epi nou tandè pale de sa nan liv la. Ebyen, se vre. Sa te toujou kontinye ap fèt.

³⁶ Lè m te vin yon minis, ebyen, alò li—alò li vrèman te kòmanse ap fèt toutan.

³⁷ Epi yon jou swa mwen te wè Seyè Jezi nou an. M ap di sa, mwen kwè, ak pèmisyon Sentespri a. Anj Seyè a ki vini an se pa Seyè Jezi a. Li pa sanble avè L nan menm vizyon an. Paske, nan vizyon kote m te wè Seyè Jezi a, Li te yon Nonm ki piti. Li pa t . . . M te deyò nan chan an, m t ap priye pou papa m. E mwen te retounen anndan an epi m t al sou kabann lan, epi jou swa sa a m te voye je m gade l epi mwen—mwen te di: “O Bondye, sove l!”

³⁸ Manman m te gen tan deja sove e se mwen k te batize l. Alò mwen te panse: “O, papa m bwè tèlman.” Epi mwen te panse: “Si m te kapab jis rive fè l asepte Seyè Jezi a!” M te sòti, m te lonje kò m sou yon vye ti palèt ki te nan chanm devan an, toupre pòt la.

³⁹ Epi yon Bagay di m: “Leve kanpe.” Epi m te leve kanpe, m t al mache, epi m te retounen al nan chan ki te deyè m lan, yon vye chan pye jenè.

⁴⁰ Epi men li, ki kanpe pa plis ke di pye bò kote m, yon Nonm te kanpe; ak yon rad blan, yon ti Nonm; Li te kwaze bra l *konsa*; yon bab, ki on jan kout; cheve L te bat sou zepòl Li; e Li t ap gade nan lòt direksyon parapò kote m te ye a, *konsa*; figi L te parèt pezib. Men sa mwen pa t kapab konprann, kòman fè pye Li, youn te annik rete deyè lòt la. Epi van an t ap vante, wòb Li t ap bouje, pye jenè yo t ap vante.

⁴¹ M te panse: “Bon, tann yon minit.” M te mòde tèt mwen. M te di: “Bon, m p ap dòmi.” Epi m te bese, m te rache yon ti moso nan pye jenè sa a, ou konnen, m fè l vin tankou yon kuidan. M te mete l nan bouch mwen. M te voye je m tounen gade bò kot kay la. Mwen di: “Non, mwen te la ap priye pou papa, epi yon Bagay te di vin la, epi men Nonm sa a ki kanpe la.”

⁴² M te panse: “Sa sanble ak Seyè Jezi.” M te panse: “M ap mande si se sa?” Li t ap gade jis egzaktman, tou drèt nan direksyon kote kay nou an ye kounye a. Alò mwen te vire kò m tounen fason *sa* pou m wè si m te ka wè L. E *konsa* m te kapab wè bò figi L. Men Li . . . M te dwe vire tounen nèt bò kote *sa* pou wè L. Epi m di: “Uhm!” Pa t janm fè L bouje. Epi m panse: “Mwen kwè m pral rele L.” Epi mwen di: “Jezi.” Epi lè Li te bouje, Li vire tèt Li gade *konsa*. Se te tout sa m sonje, Li jis lonje bra L yo.

⁴³ Pa gen yon atis nan lemonn ki ta kapab desine pòtrè Li, trè viza j Li. Meyè sa ke m janm wè se *Tèt Kris A Tranntwazan Hofmann* sa a, m mete l sou tout dokiman ki ekri ak tout bagay ke m ap itilize. Se paske li senpleman sanble ak li, e ki fè alò . . . oswa trè pwòch, osi pwòch ke li te ka ye.

⁴⁴ Li te sanble, yon Nonm, si Li ta pale, se t ap lafendimonn, e sepandan Li si tèlman gen lanmou ak bonte jiskaske ou—ou . . .

M annik blayi atè. Epi lè l vin fè jou, m retwouve m jis granm maten, chemiz pijama m mouye antranp ak dlo nan je m, lè m vin reprann konesans, m t ap mache tounen lakay mwen, nan chan pye jenè yo.

45 M te rakonte sa a yon zanmi m ki minis. Li di: “Billy, Bagay sa a ap fè w fou wi.” Li di: “Sa se dyab la.” Epi li di: “Piga w jwe ak anyen tankou sa.” M te yon minis Batis nan tan sa a.

46 Ebyen, m te al bò kote yon lòt ansyen zanmi m. M te chita epi m te pale sou Sa avè l. Mwen di: “Frè, ki sa w panse de Sa?”

47 Li di: “Ebyen, Billy, m pral di w.” Li di: “M kwè ke si w ta eseye mennen yon vi dwat, jis preche sa k nan Bib lan la, gras Bondye elatriye, m pa ta pral dèyè kèk bagay fantastik, yon bagay konsa.”

48 Mwen di: “Mesye, m pa gen entansyon al dèyè kèk bagay fantastik.” Mwen di: “Yon sèl bagay m ap eseye konprann se ki sa sa ye.”

49 Li di: “Billy, depi plizyè ane de sa yo te konn abitye genyen bagay sa yo nan legliz yo. Men,” li di, “depi lè apot yo mouri, bagay sa yo te tou fini avè l.” Epi li di: “Kounye a sèl bagay ke nou genyen se ke . . . nenpòt kalite vizyon sou bagay sa yo,” li di, “se espiritualis, demon.”

Mwen di: “O Frè Mckinney, ou kwè sa vrèman?”

Li di: “Wi, mesye.”

Mwen di: “O Bondye, gen pitye pou mwen!”

50 Mwen di: “Mwen—mwen . . . O, Frè Mckinney, èske w vle—èske w vle priye avè m pou Bondye pa janm kite sa rive m? Ou konnen ke m renmen L e mwen pa vle fè erè nan bagay sa yo.” Mwen di: “Priye avè m.”

51 Li di: “M ap fè l, Frè Billy.” E ki fè nou te priye la menm nan—nan presbitè a.

52 M te mande plizyè minis. Se te menm bagay la. Ki fè m te vin pè mande yo, paske yo t ap panse mwen te yon dyab. Alò mwen—mwen pa t vle pou m konsa. Mwen te konnen gen yon bagay ki te pase nan kè m. Kounye a, se tou, te gen—te gen yon bagay ki te pase nan kè m. E mwen pa t vle pou m konsa, jamè.

53 Alò kèk ane pita, mwen te tande yon jou nan Premye legliz Batis kote m te manm lè sa a, mwen te tande yon moun di: “Gade, ou dwe te monte al tande egzalte sa yo yè swa.”

54 Epi mwen panse: “Egzalte?” Epi yon zanmi pa m, Walt Johnson, yon chantè ki fè bas, epi mwen di: “Ki sa sa te ye, Frè Walt?”

Li di: “Yon bann nan Pannkotis sa yo.”

Mwen di: “Ki sa?”

55 Li di: “Pannkotis!” Li di: “Billy, si jamè ou ta wè sa,” li di, “yo t ap woule atè a konsa epi yo t ap sote ponpe.” Epi li di: “Yo di ke yo dwe mamote kèk lang enkonni osinon yo—yo pa sove.”

Epi mwen di: “Ki kote sa?”

56 “O,” li di, “yon reyinyon anba yon vye ti tant laba a, sou lòt bò Louisville la.” Li di: “Moun Nwa yo, natirèlman.”

Epi mwen di: “En-en.”

Epi li di: “Gen anpil blan la.”

M di: “Èske yo te fè sa, tou?”

Li di: “Wi, wi! Yo te fè l, tou.”

57 Mwen di: “Sa dwòl, moun yo mele tèt yo nan yon bagay konsa.” Mwen di: “Ebyen, mwen kwè nou jis dwe genyen bagay sa yo.” Yon dimanch maten, m p ap janm bliye sa. Li t ap manje yon moso po zoranj sèk paske li te fè yon endijesyon, e mwen ka jis wè l menm jan an tankou se te yè. E m te panse: “Mamote, sote ponpe, ki kalite relijyon yo vle genyen apre sa?” Epi alò mwen—mwen t al fè wout mwen.

58 Pita apre sa, m te rankontre yon mesye granmoun ki ka petèt isi a nan legliz la kounye a, oswa li te la nan legliz la, li te rele John Ryan. E m te rankontre l yon kote. . . Bab mesye granmoun lan ak cheve l te long, e li ka petèt isi a. M te panse ke l te moun Benton Harbor bò isit la, nan Kay David la.

59 E yo te gen yon plas nan Louisville. M t ap eseye jwenn moun sa yo, e yo te rele l Lekòl Pwofèt yo. Ki fè m te fè lide ale laba a pou m wè ki sa sa te ye. Ebyen, m pa t wè pèsòn moun ki t ap woule atè a, men yo te genyen kèk doktrin etranj. E se la mwen te rankontre ak mesye granmoun sa a, li te envite m vin lakay li.

60 M te monte al pase yon vakans. E m te ale la pou yon jounen, epi m te retounen lakay li e li te deja bwote ale, e li te ale yon kote nan Indianapolis. Li di: “Seyè a te rele l,” madanm li.

Mwen di: “Ou vle di m ou kite nonm sa a pati konsa?”

61 Li di: “O, se sèvitè Bondye li ye!” Pòv vye granmoun lan mouri depi kèk semèn, m tandè. E li te devwe pou li. O la la, se jan de madanm sa a pou genyen! Se vre. Ke li gen rezon ke li gen tò, li gen rezon tout jan! Mwen di. . . Ebyen, mwen te konnen yo. . .

62 Bon li. . . Frè Ryan, èske w la? Li pa la. Li te la lòt jou, pa vre, ti mesye?

63 Ebyen, yo viv senpleman ak sa yo te arive jwenn, e pa t gen anyen nan kay la pou l manje. Se vre. E mwen te peche kèk pwason nan yon etan, oswa nan yon lak, nan Michigan, epi m te retounen desann—epi m te retounen desann bò plas la. E yo pa t menm genyen mantèg nan kay la, oswa luil, pou yo kuit pwason an. Epi mwen di: “Li pati kite w san anyen nan kay la?”

Li di: “O, men se sèvitè Bondye li ye, Frè Bill!” Li di: “Li. . .”

64 E mwen te panse: “Ebyen, ke vye kè w beni. Frè, m ap kanpe dwat bò kote w.” Se vre. “Si ou panse anpil konsa de mari w, mwen prè pou m rejwenn ou e m ap kanpe bò kote w poutèt sa.” Se vre. Nou bezwen plis fanm konsa jodi a, epi plis nonm ki panse konsa de madanm yo. Se vre. Etazini t ap pi bon si mari yo ak madanm yo te ini ansanm konsa. Ke yo gen rezon ke yo gen tò, rete avèk yo. Pa t ap gen sitèlman anpil divòs.

65 Alò nou—nou te ale nan . . . Ki fè m te ale. Epi pandan m te sou wout pou m al lakay mwen, se te yon bagay etranj, m te pase nan Mishawaka. Epi mwen te wè yon pakèt ti—ti ansyen machin lè sa a, ki te aliye nan lari a, yo rele . . . te gen gwo siy ekri sou yo, “Jezi Sèl.” Mwen panse: “Ki sa ki . . . ‘Jezi Sèl,’ sa dwe kèk bagay relijye.” Epi m te ale lòt bò a epi men li sou bisiklèt yo: “Jezi Sèl.” Kadilak yo, Fòd Modèl-T yo, tout bagay ak “Jezi Sèl” sou li. Mwen panse: “Ebyen, mwen mande m ki sa sa ye?”

66 Alò mwen te ankete sou sa; m te arive dekouvri ke se te yon rankont relijye, te gen milsenksan a demil moun ladann. Epi tout sa m te tandè la a se te kriye ak sote ponpe, epi eksite nèt ale. Mwen panse: “Bon, men kote m pral wè ki sa egzalte yo ye.”

67 Alò m te gen vye Fòd mwen an, ou konnen, ke m te pretann ki t ap kouri senkant kilomèt alè, vennsenk kilomèt pou ale nan sans sa a epi vennsenk kilomèt pou monte desann nan sans *sila a*. Alò m te mete l sou kote wout la, mwen . . . lè m te jwenn yon plas pou m pake, epi m te mache tounen apye nan lari a. M te mache antre, m te gade toutotou, epi tout moun ki te kapab te rete kanpe. M te oblije gade pa anlè tèt yo. Epi yo t ap kriye, epi sote ponpe, epi tonbe atè, epi eksite nèt ale. Mwen panse: “Wouw, mhm, ala yon kalite de moun!”

68 Men plis mwen te rete kanpe la, mwen te santi m pi byen. Mwen panse: “Sa sanble li bon anpil.” Mwen panse: “Pa gen anyen ki mal ak moun sa yo. Yo pa fou.” Mwen te arive pale ak kèk nan yo, alò yo—yo te bon moun. Alò mwen te di . . .

69 Ebyen, bon, se menm jan de reyinyon kote m te ale epi m te rete tout sware a jou swa sa a, epi m te retounen nan demen ankò. Epi nou te tandè m rakonte sa nan istwa vi m. M te sou estrad la ak sansenkant, oswa desan minis, e petèt plis, epi yo te vle tout moun jis leve kanpe pou yo di ki kote yo soti. E mwen te di: “Evanjelis William Branham, Jeffersonville,” m te chita, “Batis,” alò, m te chita. Chak moun di ki kote yo te soti.

70 Alò nan demen maten lè m te rive laba a . . . Mwen te dòmi nan chan an tout lannwit lan jou swa sa a, e m te mete pantalon m prese nan mitan de syèj Fòd la, ou konnen, epi mwen—mwen . . . yon vye pantalon twal koton, ak yon ti mayo, ou konnen. Alò nan demen maten m te ale nan reyinyon an, ti mayo m sou mwen. M te ale . . .

71 M te genyen twa dola sèlman, e m te dwe genyen ase gazolin pou m tounen lakay mwen. E kidonk mwen—mwen te achte kèk

ti pen, ki te yon jan rasi, ou konnen, men m te kòrèk. Epi m te ale nan yon bòn fontèn pou m pran yon vè dlo, ou konnen, e yo te ase bon. Alò mwen te on ti jan tranpe yo, epi mwen te pran manje maten m.

⁷² Bon, m te ka manje avèk yo, alèkile, yo te konn manje de fwa pa jou. Men m pa t ka mete anyen nan ofrann lan, alò mwen pa t—pa t vle fè reskiyè sou yo.

⁷³ Alò kifè mwen—alò mwen te ale la jou maten sa a, yo te di . . . Fò m jis di pati sa a ladann. Epi alò m t ale la jou maten sa a, epi yo te di: “N ap chache William Branham, yon jèn evanjelis ki te sou estrad la yè swa, yon Batis.” Yo te di: “Nou vle se li ki pote mesaj maten an.” M te fin konstate ke sa ta pral di pou mwen, ak bann moun sa yo, mwenmenm yon Batis. Alò mwen te jis on jan glise kò m nan chèz mwen an. Mwen te pote yon pantalon twal koton ak yon ti mayo; ou konnen, e nou konn abiye tankou manm klèje, alò . . . Epi mwen te akwokiye kò m nan chèz la konsa. Alò li te mande de oswa twa fwa. E mwen te chita bò kote yon frè nwa.

⁷⁴ E rezon ki fè yo te fè konvansyon yo a nan Nò, se paske te gen segregasyon lè sa a nan Sid la. Alò yo pa t ka fè l nan Sid la.

⁷⁵ Alò mwen te mande m ki sa “Jezi Sèl” sa a vle di. Epi mwen panse: “Depi se Jezi, se kòrèk. Ki fè sa pa fè okenn diferans menm si se . . . nenpòt kouman l ye, jis depi se Li.”

⁷⁶ Alò mwen te chita la yon ti moman epi m t ap swiv yo, epi yo te rele de oswa twa fwa ankò. Epi frè nwa sa a voye je l gade m, li di: “Èske w konnen l?” Mwen—mwen—mwen . . . Moman verite a te rive. M pa t ka bay mesye a manti, m pat vle fè sa.

Mwen di: “Gade, frè. Wi, mwen konnen l.”

Li di: “Ebyen, al chache l.”

⁷⁷ Mwen di: “Ebyen, mwen—mwen pral di w, frè,” mwen di: “Se mwen menm. Men, ou wè,” mwen di: “gade, mwen . . . ak pantalon twal koton sa a.”

“Monte la a.”

⁷⁸ Epi mwen di: “Non, m pa ka al monte la a,” mwen di, “ak pantalon sa a sou mwen, konsa, ak ti mayo sa a.”

Li di: “Moun sa yo pa gade sou jan w abiye.”

⁷⁹ Epi mwen di: “Ebyen, gade, piga w di sa. Tande?” Mwen di: “Gade, m gen pantalon twal koton sa a sou mwen, m pa vle monte la.”

Yo di: “Èske gen yon moun ki konnen ki kote William Branham ye?”

Li di: “Men l la! Men l la!”

⁸⁰ O la la! Figi m te vin tou wouj, ou konnen; m pa t gen kravats sou mwen, ou konnen; epi vye ti mayo sa a, ou konnen, ak ti manch sou li konsa. E m te mache monte jis la, ak zòrèy mwen ki t ap boule. M pa t janm kanpe bò yon mikwo.

81 E alò m te gen pou m monte la al preche, epi m te chwazi yon sijè, m p ap janm bliye sa: “Nonm rich la te leve je l nan lanfè, epi li te pran kriye.” Mwen preche anpil fwa sou sijè ki gen twa ti mo konsa: “Vin wè yon nonm,” “Èske w kwè sa?” oswa “Epi li te pran kriye.” E mwen te kontinye ap di: “Pa gen okenn flè, epi li te pran kriye. Pa gen okenn reyinyon priyè, epi li te pran kriye. Pa gen okenn timoun, epi li te pran kriye. Okenn kantik, epi li te pran kriye.” Epi mwen te pran kriye.

82 Alò lè tout sa te fini, ebyen, o la la, yo jis . . . yo tout te antoure m, yo te vle pou m te ba yo yon reyinyon. E m te panse: “Gade, petèt ke m se yon egzalte!” Ou wè? Alò mwen panse: “Petèt . . .” Ou wè, se pa t ti kras bon moun yo te ye.

83 Epi m te mache soti deyò. Yon mesye ki te mete yon pè soulye kòbòy, ak yon gwo chapo kòbòy, m te di l: “Kilès ou ye?”

Li di: “Mwen se Ansyen *Entèl entèl* ki soti Texas.”

Mwen panse: “Ebyen, sa te sanble . . .”

84 Yon lòt moun te mache vin bò kote m ak yon pantalon gòlf tou zwit sou li, ou konnen, yo te konn jwe gòlf avèk yo, epi youn nan mayo twal jèze tou zwit sa yo. Li di: “Mwen se Reveran *Entèl entèl* ki soti Florid. Èske w ta vle vin bay . . .”

85 Mwen panse: “Mwen santi m lakay mwen la, gason, ak pantalon twal koton sa a ak ti mayo sa a la. Se vrèman byen sa.”

86 Alò, nou tande m rakonte bagay sa yo nan istwa vi m, ki fè m pral rete la epi m pral rakonte nou yon bagay ke m poko janm rakonte anvan. Premye bagay, m vle mande nou . . . M ta pral pase sou sa. M poko janm di l an piblik anvan, nan vi m. Si nou pwomèt mwen ke nou renmen m e ke n ap eseye renmen m menm jan an apre m fin di sa tankou mwen renmen nou anvan m di sa, leve men nou. Dakò. Sa se pwomès pa nou, m ap makonnen nou avè l.

87 Antan m te chita nan reyinyon an jou swa sa a, lè yo t ap chante kantik pa yo yo t ap bat men yo. Epi yo t ap chante, “Mwen . . .” Ti kantik sa a: “Mwen konnen l vèsè San l. Mwen konnen l vèsè San l.” Epi yo t ap kouri monte desann nan koulwa yo, ak tout bagay, e yo te jis ap kriye epi louwe Seyè a. Mwen panse: “Sa sonnen byen tout bon pou mwen.” Mwen kòmanse . . .

88 Epi yo t ap site vèsè nan Ak toutan, Ak 2:4, Ak 2:38, Ak 10:49, tout sa yo. Mwen panse: “Tande, sa se Lèzekriti! M jis pa t janm wè L konsa anvan.” Men, o, kè m t ap pran dife, mwen panse: “Sa se bèl mèvèy!” Mwen te panse ke yo te yon bann egzalte lè m te fèk rankontre yo, epi mwen panse: “O la la! Kounye a yo se yon bann anj.” Ou wè, m te chanje lide m byen vit.

89 Ki fè nan demen maten lè Seyè a te fin ban m bèl okazyon sa a pou m al fè reyinyon sa yo, mwen panse: “O la la, m pral reyini ak bann moun sa yo! Se dwe jan de moun ke yo konn abitye rele ‘Metodis k ap kriye yo.’ Yo jis fè yon ti bout chimen pi lwen,” mwen panse. “Petèt ke se sa li ye.” Alò mwen panse: “Ebyen,

mwen . . . mwen vrèman renmen sa. O, gen yon bagay nan yo ke mwen renmen, yo enb epi yo janti.”

⁹⁰ Alò yon bagay ke mwen pa t ka konprann se te pale an lang sa a, sa te depase m. E mwen . . . Te gen yon nonm, annou di, ki te chita bò *isi* a epi youn *laba* a, e se yo ki te alatèt gwoup la. *Sa a* t ap leve epi pale an lang, *sila a* t ap entèprete l e t ap di bagay ki konsène reyinyon an ak lòt bagay ankò. Mwen panse: “O la la, wouw, mwen dwe li sa!” Alò ki fè nan toude sans, youn tonbe sou *sa* epi sa retonbe sou *lòt* la; epi yo chak t ap pale an lang, entèprete. Rès moun nan legliz la t ap pale, men entèpretasyon an pa t sanble li te vini menm jan avèk de mesye sa yo. Bon, mwen wè yo te chita ansanm tou pwòch, mwen panse: “O la la, se Anj yo dwe ye!” Alò pandan m te chita deyè a la . . .

⁹¹ Nenpòt sa bagay sa te ye (ou konnen) ke m pa t ka konprann lan, Li t ap vin sou mwen. E m gen yon fason pou m konn de bagay si Seyè a vle ke m konnen l, ou konnen. E mwen p ap . . . Se pou rezon sa a ke m di mwen pa janm pale de sa an piblik anvan. Si reyèlman mwen vle konprann nenpòt ki bagay, òdinèman Seyè a di m ki sa bagay sa yo ye. Se pou sa don an la, ou wè. Alò ou pa ka annik ap simaye bagay sa yo devan moun, se tankou ou t ap jete pèl ou devan kochon. Se yon bagay sakre, ki sen, e ou pa ta vle fè sa. Ki fè, Bondye t ap rann mwen responsab. Tankou lè n ap pale ak frè yo ak lòt bagay, m pa t ap eseye jwenn yon bagay mal sou yon frè.

⁹² Yon fwa mwen te chita sou tab ak yon nonm, li te pase men l nan kou m, epi li di: “O Frè Branham, mwen renmen w.” E mwen te kontinye santi yon bagay ki an mouvman. M te gade l. Li pa ta ka di m sa; m te konnen li pa t fè l, ou wè, paske men sa l te ye. Si jamè gen yon ipokrit ki egziste se te li absoliman, ou wè, e la menm ak men l nan kou m.

⁹³ Mwen di: “Ebyen, dakò,” m ale. Mwen pa vle konnen sa. M ta prefere jis konnen l fason ke m konnen l lan, tankou frè m, epi ke sa kontinye konsa. Ke Bondye fè rès la. Ou wè? E mwen pa vle . . . mwen pa konnen, mwen pa vle konnen bagay sa yo.

⁹⁴ Epi anpil fwa bagay sa yo, se pa nan legliz *isi* a. M gen dwa chita nan chanm mwen, chita nan yon restoran, epi Sentespri a ap di m bagay ki pral rive. Gen moun *isi* a la menm ki konnen ke se vre. M gen dwa chita lakay mwen epi mwen di: “Kounye a, fè atansyon, gen yon machin ki pral vin la toutalè. Se pral *tèl tèl* moun. Kite yo antre, paske Seyè a te gen tan di y ap la.” “Lè nou pral mache nan lari a, gen *sèten* bagay ki pral rive. Siveye kafou sa a laba, paske yo pral prèske frape w.” Epi gade senpleman si se pa konsa sa ap rive, ou wè, chak fwa, jis pafè! Alò ou pa vle jete kò w twòp nan yon bagay konsa, paske ou t ap . . . Se—se . . . Ou mèt itilize l, se don Bondye li ye, men ou dwe veye sa w ap fè avè l. Bondye ap rann ou responsab.

95 Gade Moyiz. Moyiz te yon nonm Bondye te voye. Èske w kwè sa? Predestine, tabli davans, e te fèt yon pwofèt! E Bondye te voye l laba a, Li di: “Al pale ak wòch la,” apre lè l te fin frape l la. Li di: “Al pale ak wòch la, epi dlo l yo va soti ladann.”

96 Men Moyiz, ki te fache, te kouri al laba a epi li te frape wòch la. Dlo a pa t soti, li te frape l ankò, li di: “Noumenm rebèl! Èske nou dwe fè dlo soti nan wòch sa a pou nou?”

97 Nou wè sa Bondye te fè? Dlo a soti, men Li di: “Monte vin la, Moyiz.” Se te fini, ou wè. Ou dwe veye bagay sa yo, ki fè ou . . . sa w ap fè avèk don Diven yo.

98 Menm jan an tou pou yon predikatè, yon bon predikatè pwisan, e ki ta soti al preche jis pou l ka ranmase ofrann ak lajan, Bondye ap rann li responsab pou sa. Se vre. Ou dwe veye sa w ap fè ak don Diven yo. Epi, oswa w ap eseye fè yon gwo prestij oswa yon gwo non pou yon legliz, oswa yon gwo non pou li menm. M ta prefere gen de oswa twa sware reyinyon epi pati al yon lòt kote, epi rete enb, e fè ti kò m piti. E nou konnen sa m vle di. Wi, mesye, toujou rete nan plas ou kote Bondye ka mete men L sou ou.

Sonje sa se Lavi ki anndan an kounye a.

99 Ki fè donk jou sa a, mwen panse: “Ebyen, m pral bò kote yo.” Epi moun sa yo te si tèlman boulvèse m, mwen te panse: “M pral wè ki moun mesye sa yo ye.” Epi antan m te deyò a sou lakou a, m t ap voye je m chache yo apre sèvis la. M te gade ozalantou. M te jwenn youn ladan yo, mwen di: “Kouman w ye, mesye?”

100 Li di: “Kouman w ye!” Li di: “Se ou jèn predikatè ki te preche maten an?”

Mwen di . . . M te genyen venntwazan epòk sa a. Mwen di: “Wi, mesye.”

Epi li di: “Ki jan w te rele?”

Mwen di: “Branham.” Epi mwen di: “E ou menm?”

101 Epi li te di m non l. Epi mwen panse: “Ebyen, bon, si m te ka antre an kontak ak lespri l kounye a.” E poutan m pa t konnen sa k te fè sa. Epi m di: “Ebyen, tandè, mesye,” mwen di, “nou menm bò isi a nou gen yon Bagay ke m pa genyen.”

Li di: “Èske w resevwa Sentespri a depi lè w te kwè?”

Mwen di: “Bon, mwen se yon Batis.”

102 Li di: “Men èske w resevwa Sentespri a depi lè w te kwè?”

103 Epi mwen di: “Ebyen, frè, ki sa w vle di?” Mwen di: “Mwen—mwen pa genyen sa nou tout genyen an, mwen konnen sa!” Mwen di: “Paske nou genyen yon Bagay ki sanble li pwisan epi alò . . .”

Li di: “Èske ou janm pale an lang?”

Epi mwen di: “Non, mesye.”

Li di: “M ap di w touswit ke w pa genyen Sentespri a.”

104 Epi mwen di: “Ebyen, si mwen . . . Si se sa sa pran pou genyen Sentespri a, mwen pa genyen L.”

105 Epi ki fè li di: “Ebyen, si ou pa pale an lang, ou pa genyen L.”

106 E m te kontinye konvèsasyon l lan konsa, mwen di: “Ebyen, ki kote m ka jwenn Li?”

107 Li di: “Antre nan sal la la a epi kòmanse chache Sentespri a.”

108 E m te kontinye ap obsève l, ou konnen. Li pa t konnen sa m t ap fè, men li . . . M te konnen li te santi l yon ti jan etranj, paske li . . . je l yo te kòmanse yon ti jan ap briye pandan l t ap gade m. Epi li . . . Men li te yon Kreyen tout bon. Absoliman, li te yon Kreyen sanpousan. Se vre. Ebyen, mwen panse: “Glwa pou Bondye, men Li! Mwen—mwen dwe—mwen dwe jwenn yon plas on kote sou lotèl sa a.”

109 M te soti deyò, m voye je m toupatou, mwen panse: “M ap jwenn lòt nonm lan.” Epi lè m te jwenn li e m te kòmanse pale avè l, mwen di: “Kouman w ye, mesye?”

110 Li di: “Tande, nan ki legliz ou mache?” Li di: “Yo di m ou se yon Batis.”

Mwen di: “Wi.”

Epi li di: “Ou poko genyen Sentespri a, se sa?”

Mwen di: “Bon, m pa konnen.”

Li di: “Ou pa janm pale an lang?”

Mwen di: “Non, mesye.”

Li di: “Ou pa genyen L.”

111 Epi mwen di: “Bon, mwen konnen m pa genyen sa nou tout genyen an. Mwen konnen sa.” Epi mwen di: “Men, frè m lan, m ta vle genyen L tout bon.”

Li di: “Ebyen, men—men basen an la, tou pare.”

112 Mwen di: “M batize deja. Men,” mwen di, “mwen—mwen pa resevwa sa nou tout genyen an.” Mwen di: “Nou gen yon bagay ke mwen—mwen vle genyen tout bon.”

Epi li di: “Bon, se byen.”

113 Mwen t ap eseye kapte l, ou wè. Epi si mwen . . . Lè m te fin arive kapte lespri li, kounye a, sa se te lòt nonm lan, si mwen te janm pale ak yon ipokrit ba nivo, se te youn nan yo. Li t ap viv . . . Madanm li se te yon fanm ki gen cheve nwa, li t ap viv ak yon fanm ki gen cheve blon epi li te gen de pitit avè l. Li t ap bwè, sèmante, kouri nan tavèn, ak tout lòt bagay, e poutan li la e li t ap pale an lang epi pwofetize.

114 Alò mwen di: “Seyè, padonnen m.” Epi m al lakay mwen. Se sa. Mwen di: “M ap jis pran . . . M pa ka konprann sa. Sanble kòm kwa Sentespri beni an tonbe, e, sou ipokrit sa a.” Mwen di: “Sa pa ka fèt! Se tou.”

115 Pandan long peryòd sa a alò, m t ap etidye epi m t ap kriye, m te panse si m te ka antre nan mitan yo petèt ke m ta kapab dekouvri ki sa tout bagay sa a vle di. Men youn, yon Kreyen otantik; epi lòt la, yon vrè ipokrit. Ki fè mwen panse: “Ki sa sa ye? O,” mwen di: “Bondye, petèt—petèt gen yon bagay ki pa mache byen avèk mwen.” Epi mwen di, antan ke yon fondamantal: “Sa pral. . . fò m wè sa nan Bib la. Li dwe ladann.”

116 Dapre mwen, tout bagay k ap opere dwe soti nan Bib sa a osinon li pa bon. Li dwe soti La a. Li ka pwouve nan Bib la, pa jis nan yon sèl plas, men li dwe pakouri tout Bib la. Mwen dwe kwè l. Li dwe an amoni epi makonnen ak tout Lekriti osinon mwen pa kwè l. Epitou, paske Pòl di: “Si yon zanj ki sot nan Syèl la ta vin preche yon lòt levanjil, madichon pou li.” Ki fè mwen kwè Bib la.

Epi mwen di: “M pa t ap janm ka wè yon bagay konsa nan Bib la.”

117 Dezan apre sa, apre m te fin pèdi madanm mwen ak tout lòt bagay, mwen te monte al Green’s Mill, ansyen ti plas mwen an anwo laba a, pou m al priye. M te retounen nan kavèn mwen an pou m pase de oswa twa jou, de jou l te ye. M te soti deyò pou m fè yon ti respire, pou m respire yon ti lè. E lè m te soti la, Bib mwen an te blayi la sou pwent yon pilòn bwa won jis antan w ap antre. Te gen yon ansyen pye bwa ak yon fouch anndan l ke van an te fè tonbe. Kounye a, ou. . . Yon fouch lonje sou anwo *konsa*, epi pye bwa a te lonje sou anba. Epi mwen jis monte m chita nan bout pye bwa a tankou sou yon cheval, epi m lonje kò m la lannwit, m leve je m pou m gade syèl la konsa, men m lonje *konsa*, e pafwa m konn dòmi antan m lonje kò m drèt sou bout pye bwa a konsa, pou m priye. M konn rete la pandan plizyè jou, mwen jis pa ni manje ni bwè, m jis la pou m priye. Epi mwen te soti deyò kavèn lan, pou m t al pran on ti lè fre; li te fè fre, li te imid anndan la a.

118 Ki fè donk mwen te soti deyò epi Bib mwen an te la kote mwen te depoze L la lavèy, epi li te louvri nan Ebre, chapit 6 la. Epi mwen te kòmanse li la: “Ann mete sou kote. . . vè. . . avanse vè lapèfeksyon, san poze ankò fondasyon repantans ak zèv lanmò yo ak lafwa nan Bondye,” e latriye. “Paske li enposib pou sila yo ki te deja eklere, ki te patisipe nan don selès la, ak apèl yo,” e latriye. Men li di: “Men si li pouse pikan ak pengwen ki prèt pou rejte, lafen yo. . . dlo. . . lapli a tonbe souvan sou tè a pou gani li epi prepare li pou sa ki—sa ki prèt pou rejte, avèk pikan ak pengwen, lafen li se pou li boule.”

Epi gen yon Bagay ki fè: “Wouououuccch!”

119 Mwen panse: “Men Li. M pral tandè kounye a nenpòt sa Li. . . Li te reveye m la, Li pare pou ban m yon vizyon kounye a menm.” Mwen te rete tann sou bout pye bwa a, ap tann. Mwen te leve kanpe epi m te mache tounen, monte desann. M te mache

tounen, pa t gen anyen k te pase. M te mache tounen nan kavèn mwen an ankò, pa t gen anyen k te pase. Mwen te kanpe la, mwen panse: “Bon, ki sa sa ye?”

¹²⁰ Mwen te mache al bò kot Bib mwen an ankò, epi, o, Li annik anvayi m nèt ankò. Mwen te pran L, epi m te panse: “Ki sa k gen nan sa ke Li vle ke mwen li?” M te kontinye ap li jouk bò kote li pale sou “larepantans anvè Bondye, ak lafwa,” e latriye, epi mwen te li desann bò kote Li di: “Lapli a tonbe souvan sou tè a pou gani li epi prepare li pou sa ki va itil, pou isi a, men si li pouse pikan ak pengwen ki prèt pou yo rejte, lafen li se pou yo boule l.” E, o, Sa te jis sekwe m!

¹²¹ E mwen panse: “Seyè, èske Ou pral ban m yon vizyon sou sa ke. . .” Mwen te monte ale la a pou m te ka mande L yon lòt bagay.

¹²² Epi yon sèl kou, devan je m, mwen wè lemonn k ap tounen, e li te laboure nèt. Epi men yon nonm ki te abiye an blan, ak tèt li byen dwat, ki t ap simaye yon Semans konsa. Epi lè li fin ale, kiyès k ap vini, apèn l ap disparèt dèyè ti tèt mòn lan, men yon nonm ki vin dèyè l, ki te abiye an nwa, ak tèt li bese, ki t ap simaye yon semans. Epi lè bon Semans lan pouse, se te ble; e lè move semans lan pouse, se te move zèb.

¹²³ Epi te vin gen yon gwo sechrès sou latè, e ble a te panche tèt li, li te jis prèt pou l mouri, li te vle dlo. E mwen te wè tout moun ak men yo leve anlè, yo t ap priye Bondye pou L voye dlo. Epi mwen te wè move zèb la, tèt li te panche, li te bezwen dlo. Epi menm lè a gwo nyaj yo vin rasanble epi lapli te kòmanse tonbe ak tout fòs. Epi lè sa te rive, ti pye ble a ki te panche tèt li anba nèt la fè: “Wich,” li leve menm lè a. Epi ti move zèb la dwat bò kote l la fè: “Which,” li leve menm lè a.

Mwen panse: “Bon, ki sa sa ye?”

¹²⁴ Epi Sa vin monte nan lespri m. Men li. Menm lapli ki fè ble a grandi a, se li ki fè move zèb la grandi. E menm Sentespri a ka tonbe sou yon bann moun, epi ka beni yon ipokrit jis menm jan Li beni lòt la. Jezi di: “Se pa fwi yo nou va rekonèt yo.” Se pa paske li kriye ni paske l ap jibile, men “se pa fwi li nou va rekonèt li.”

¹²⁵ Mwen di: “Men li!” “Mwen konprann li, Seyè.” Mwen di: “Alò sa vrèman se Laverite.” Nonm sa a. . . Ou kapab genyen don san w pa konn Bondye.

¹²⁶ Alò ki fè mwen—ki fè mwen te vin kòmanse ap kritike pale an lang twòp, ou wè. Men yon jou, alò, ala Bondye te konfime sa pou mwen!

¹²⁷ Mwen t ap batize premye konvèti m yo laba a nan rivyè a, nan Rivyè Ohio a, epi disetyèm moun mwen t ap batize a, antan m te kòmanse batize li, mwen te di: “Papa, alòske m ap batize l

nan dlo, batize l Ou menm ak Sentespri a.” Mwen te apèn pral—pral plonje l anba dlo a.

¹²⁸ Epi menm lè a yon toubiyon van soti anlè nan syèl la, epi men Limyè sa a, t ap briye desann. Te gen plizyè santèn ak santèn de moun bò kote rivyè a, a dezè pil nan apremidi, nan mwa jen. Epi Li te pandye jouk anlè kote m te ye a. Yon Vwa te pale ladann, epi li di: “Menm jan yo te voye Jan Batis devan pou prepare premye vini Kris la, ou genyen yon . . . genyen yon Mesaj ki va anonse epi prepare davans Dezyèm Vini Kris la.” E sa te yon jan fè m pè amò.

¹²⁹ Epi m te retounen, epi tout moun yo ki te la, mesye yo—yo k ap travay nan fondri a epi yo tout, famasyen an, epi yo tout te bò rivyè a. Mwen te batize apeprè desan oswa twasan moun jou apremidi sa a. Epi lè yo te retire m, retire m soti nan dlo a, dyak yo e latriye te vini, yo te mande m, yo di: “Ki sa Limyè sa vle di?”

¹³⁰ Te gen yon gran gwoup moun nwa ki manm nan—nan legliz Batis Gilt Edge ak legliz Lone Star ki laba a, epi anpil ladan yo ki te la, yo te pran rele lè yo te wè bagay sa rive, gen moun ki te pèdi konesans.

¹³¹ Te gen yon jèn tifi m t ap eseye fè soti la nan yon bato, li te chita la ak yon kostim de ben sou li, li te yon pwofesè lekòl di dimanch nan yon legliz, epi m di: “Ou pa ta vle soti, Margie?”

Li di: “Billy, mwen pa oblije soti.”

¹³² Mwen di: “Se vre, ou pa oblije, men m t ap gen ase respè pou Levanjil la pou m ta soti la kote m ap fè batèm lan.”

Li di: “Mwen pa oblije.”

¹³³ Epi lè l te chita la, li t ap ri epi li t ap moke m pandan m t ap fè batèm lan, paske li pa t kwè nan batèm, alò ki fè lè Zanj Seyè a te desann, li te tonbe sou tèt nan bato a. Jodi a jèn tifi a nan yon lopital kote yo trete moun fou. Alò ou jis pa ka jwe ak Bondye. Ou wè? Bon, vè pita . . . Yon bèl jèn tifi, apre sa te kòmanse ap bwè, yon boutèy te frape l, yon—yon boutèy byè, te rache tout figi l. O, li vin sanble yon moun ki defigire! E se sa k te rive la.

¹³⁴ Epi pandan tout vi m mwen te konn wè sa, m te konn wè bagay sa a ap bouje, m te konn wè vizyon sa yo, kouman bagay sa yo te konn pase. Epi, yon ti kras pita, Sa te kontinye ap trakase m si tèlman, epi tout moun t ap di m ke Sa pa t bon. E mwen te kouri ale nan vye kwen m te renmen an, anwo kote m te konn toujou al priye nèt ale a. Epi mwen . . . Kèlkeswa fason ke m te priye pou Sa pa vin sou mwen, Li vini kanmenm. E alò mwen te jis . . . Mwen te—mwen te gadchas nan Leta Indiana. E mwen t ap antre, te gen yon nonm ki te chita la, se frè moun ki konn jwe pyano nan tabènak la. Epi li di: “Billy, èske w ta vle ale avè m nan Madison apremidi a?”

Mwen di: “Mwen pa ka fè l, fò m ale nan forè a.”

135 E mwen ta . . . m te jis rive bò kote kay la epi mwen te retire sentiwon m, sentiwon revòlvè m ak bagay konsa, epi mwen twouse manch mwen. Nou te abite nan yon ti kay de pyès, e m ta pral lave menm pou m te ka prepare m pou m manje. Epi m te fin lave menm, epi m te jis ap mache arebò kay la, anba yon—yon gwo pye erab, epi yon sèl kou gen yon Bagay ki fè: “Wououououcccch!” Epi mwen jis manke pèdi konesans. Epi mwen te gade, e m te konnen se te Sa ankò.

136 Mwen te chita sou mach eskalye sa yo, epi li sote deyò nan machin li an epi li kouri vin bò kote m, li di: “Billy, èske w a pèdi konesans?”

Mwen di: “Non, mesye.”

Li di: “Sa w genyen, Billy?”

137 Epi mwen di: “M pa konnen.” Mwen di: “Ou mèt ale, frè, se kòrèk. Mèsi.”

138 Madanm mwen te soti deyò epi li te pote yon krich dlo, epi li di: “Cheri, sa w genyen?”

Mwen di: “Anyen non, cheri.”

139 Alò li di: “Annou wè kounye a, manje a pare,” epi li pase men l nan kou m, li te eseye fè m antre.

140 Mwen di: “Cheri, mwen—mwen vle di w on bagay.” Mwen di: “Telefone yo epi di yo ke m pa pral laba a apremidi a.” Mwen di: “Meda, cheri,” mwen di: “Mwen konnen nan kè m ke m renmen Jezikri. Mwen konnen ke m pase de lanmò a Lavi. Men m pa vle dyab la gen anyen pou l wè avèk mwen.” Epi mwen di: “M pa kapab kontinye konsa; mwen se yon prizonye.” Mwen di: “Se toutan, lè bagay sa a kontinye ap rive, bagay konsa yo, e vizyon sa yo k ap vini, ak bagay konsa. Oubyen, kèlkeswa sa l ye a,” mwen di, “sa rive m.” Mwen pa t konnen se te yon vizyon. Mwen pa t rele sa yon vizyon. Mwen di: “Tankou trans sa yo,” mwen di, “mwen pa konnen ki sa sa ye. Epi, cheri, mwen—mwen—mwen—mwen pa vle nan jwèt ak sa, yo—yo di m ke se dyab la. Epi mwen renmen Seyè Jezi.”

141 “O,” li di, “Billy, ou pa dwe tande sa moun ap di w.”

142 Mwen di: “Men, cheri, gade lòt predikatè yo.” Mwen di: “Mwen—mwen pa vle sa.” Mwen di: “Mwen pral nan plas kote m konn ale nan bwa a. Mwen gen anvwon kenz dola, w a pran swen Billy.” Billy te yon ti gason tou piti lè sa a, yon ti moun piti. Mwen di: “Ou—ou mèt pran. . . Sa ase pou ou ka viv ak Billy, yon ti moman. Telefone yo epi di yo ke mwen—mwen ka petèt retounen demen, e m ka petèt pa janm retounen. Si m pa ta retounen apre senk jou, yo mèt mete yon moun nan plas mwen.” Epi mwen di: “Meda, m p ap janm soti nan bwa a toutotan Bondye pa pwomèt mwen L ap elwaye bagay sa a bò kote m epi pou l pa janm rive m ankò.” Panse jan yon nonm ka inyoran!

143 E mwen te ale laba a jou swa sa a. Mwen te retounen nan vye ti kabin lan anvan demen rive; li te fè yon jan ta. Mwen ta prale nan kan m lan nan demen, jouk anwo sou . . . pi lwen lòt bò montay la, oswa pito kolin lan, epi leve nan bwa a laba a. Mwen pa kwè ke F.B.I. ta ka jwenn mwen anwo a la. Ki fè vye ti kabin sa a . . . M te priye tout apremidi sa a e jouk anvan li te fè nwa. M t ap priye, m t ap li kote Li ekri nan Bib la: “Lespri pwofèt yo obeyi pwofèt la.” Mwen pa t kapab konprann sa. Ki fè li te vin fè twò nwa nan vye ti kabin lan.

144 Se te kote mwen te konn sèvi ak pyèj lè m te yon ti gason, m te genyen yon seri de pyèj la a, e mwen te konn ale la a pou m fè lapèch epi m te konn pase tout nwit lan. Se te jis yon vye ti kabin tou kraze ki te la, depi kèk lane. Kèk lokatè te genyen l petèt anvan l te vin konsa nèt.

145 Epi ki fè mwen—mwen te jis rete la ap tann. E mwen te panse: “Ebyen.” Lè a te rive sou inè, dezè, twazè nan maten, mwen t ap monte desann atè a, mwen t ap fè ale vini. Mwen te chita la a sou yon vye ti tabourè, yon ti . . . pa tabourè, yon jan de vye ti bwat. E m te chita la a, epi m te panse: “O Bondye, poukisa Ou fè m sa?” Mwen di: “Papa, Ou konnen m renmen W. Ou konnen ke mwen renmen W! E mwen—mwen—mwen pa vle posede ak yon dyab. Mwen pa vle bagay sa yo rive m. Tanpri souple Bondye, pa janm kite sa rive ankò.”

146 Mwen di: “Mwen—mwen renmen W. Mwen pa vle ale nan lanfè. Ki sa sa itil mwen pou m ap preche epi eseye, epi fè on pakèt efò, si mwen nan erè? E se pa mwen menm sèl ke m ap mennen nan lanfè, m ap kondwi nan erè plizyè milye lòt moun.” Oubyen, plizyè santèn lòt moun, nan epòk sa yo. Epi mwen di . . . M te gen yon gwo ministè. Epi mwen di: “Ebyen, mwen—mwen pa ta janm vle sa rive m ankò.”

147 Epi mwen te chita sou ti tabourè sa a. E m te jis chita, o, nan yon jan de pozisyon, jis *konsa*. Epi, yon sèl kou, mwen wè yon Limyè k ap vasiye nan pyès la. E mwen te panse ke gen yon moun ki t ap vini ak yon flach. Epi m te gade ozalantou, epi m te panse: “Ebyen . . .” Epi men Li, drèt devan m lan. E te gen yon pakèt vye planch bwa atè a. Epi men Li, drèt devan m lan. Te gen yon vye recho an fòm yon dwoum ki te nan kwen an, tèt la te rache. Epi—epi jis *la* menm te gen yon—yon Limyè atè a, epi m te panse: “Bon, kote sa soti? Ebyen, sa pa ta kapab vini . . .”

148 M te gade ozalantou. Epi men Li te anlè m lan, menm Limyè *sa* a, jis la anlè m lan, pandye jis *konsa*. Li t ap tounen anwon tankou yon dife, koulè a on jan atire sou emwòd, Li t ap fè: “Wouououh, wouououh, wouououh!” *konsa*, jis anlè L, *konsa*. E m te gade Bagay sa a. Epi m te panse: “Ki sa Sa ye?” Bon, Sa te fè m pè.

149 Mwen te tande yon moun k ap vini, [Frè Branham imite yon moun k ap mache—Editè a.] ki jis ap mache, sèlman, li te pye

atè. Epi m te wè pye yon Nonm k ap antre. Li te fè nwa nan pyès la, toupatou eksepte la menm kote Li t ap briye a. Epi m te wè pye yon Nonm ki t ap antre. Epi lè Li te antre nan pyès la, Li te apwoche, Se te yon Nonm ki te anviwon. . . ki sanble te peze desan liv. Li te kwaze men L yo *konsa*. Bon, m te wè L nan yon Toubiyon, m te tandè L pale avè m, epi m te wè L sou fòm yon Limyè, men se premye fwa mwen te wè imaj Li. Li te apwoche bò kote m, vrèman pwòch.

¹⁵⁰ Ebyen, bon zanmi m yo, mwen—mwen panse kè m ta pral rete. Mwen. . . Jis imajine! Mete tèt ou la a, Li t ap fè w santi w menm jan an. Ou kapab rive pi lwen nan chemen an ke mwen, ou kapab yon Kreyon depi pi lontan, men Li t ap fè w santi w fason sa a. Paske apre plizyè santèn ak santèn fwa genyen vizit, sa paralyze m lè Li apwoche. Sa menm fè m santi m pafwa. . . Mwen prèske pèdi konesans nèt, m jis si tèlman fèb, anpil fwa, lè m fin kite chè a. Si m rete twò lontan, m ap pèdi konesans nèt. Yo konn al pwomennen avè m pandan plizyè èdtan, san m pa menm konnen ki kote m te ye. E m pa kapab eksplike sa. Ou mèl li isi a nan Bib la, e Li va eksplike w Sa, kisa l ye. Se Lekriti ki di sa!

¹⁵¹ Ki fè m te chita la epi m t ap gade L. Mwen—mwen te on jan mete menm anlè *konsa*. Li t ap gade m tou drèt, jis ak yon lè agreyab. Men Li te gen yon Vwa trè grav, epi Li di: “Ou pa bezwen pè, Mwen soti nan Prezans Bondye Toupwisan an ki voye m.” Epi lè Li te pale, Vwa sa a, se te menm Vwa a ki te toujou konn pale avè m depi lè m te gen dezan. Mwen te konnen ke se te Li. Epi m te panse: “Kounye a. . .”

¹⁵² Epi tandè sa. Kounye a tandè konvèsasyon an. M ap site l meyè fason ke m kapab, jan m konnen l, mo pou mo, paske apèn si m sonje.

¹⁵³ Li. . . Mwen di. . . Mwen te gade L konsa. Li di: “Ou pa bezwen pè,” jis tou dousman, Li di, “Mwen soti nan Prezans Bondye Toupwisan an ki voye M, pou di ou ke nesans etranj ou a. . .” Kòm ou konnen ki jan nesans mwen te ye laba a. Menm Limyè sa a te pandye anlè m lè m te fèk fèt. E alò Li di: “Nesans etranj ou a ak vi w ke yo mal konprann lan se te pou montre ke ou gen pou w ale toupatou nan lemond pou priye pou malad yo.” Epi li di: “E kèlkeswa sa yo genyen an. . .” Epi Li te nonmen. Bondye, Ki Jij mwen, konnen. Ke, Li te nonmen “kansè.” Li di: “Anyen. . . Si w arive fè moun yo kwè nan ou, e ke ou sensè lè ou priye, anyen p ap ka reziste devan priyè w, pa menm kansè.” Ou wè: “Si ou arive fè moun yo kwè nan ou.”

¹⁵⁴ Epi mwen wè Li pa t lènmi mwen, Li te Zanmi m. Epi mwen pat konnen si—si m t ap mouri oswa ki sa k t ap pase lè Li te pwoche bò kote m konsa. Epi mwen di: “Ebyen, Mesye,” mwen di, “mwen se. . .” Ki sa m te konnen sou gerizon yo ak bagay konsa, sou don sa yo? Mwen di: “Ebyen, Mesye, mwen se yon. . .

Mwen—mwen se yon nonm pòv.” Epi mwen di: “Mwen nan mitan moun pa m yo. Mwen—mwen abite ak moun pa m yo ki pòv. M pa gen enstriksyon.” Epi mwen di: “Epi mwen—mwen—mwen pa t ap kapab, yo pa t ap—yo pa t ap konprann mwen.” Mwen di: “Yo—yo pa t ap vle—yo pa t ap vle tande m.”

¹⁵⁵ Epi li di: “Menm jan pwofèt Moyiz te genyen de don, siy,” pito, “pou konfime ministè li, ou menm tou w ap genyen de—ou menm tou ou genyen de don pou konfime ministè w.” Li di: “Youn nan yo se ke w ap kenbe men moun ke w ap priye pou li a, avèk men gòch ou w ap kenbe men dwat yo,” epi li di, “alò jis rete trankil, epi va genyen. . . va genyen yon efè fizik k ap fèt sou kò w.” Epi li di: “Setalò ke w mèt priye. Epi si l pati, maladi a kite kò moun lan. Si li pa pati, jis mande yon benediksyon epi al fè wout ou.”

“Ebyen,” mwen di: “Mesye, mwen pè pou yo pa resevwa m.”

¹⁵⁶ Li di: “E pwochen bagay ki pral rive, si yo pa tande sa, alò yo va tande sila.” Li di: “Answit sa pral rive ke ou va konnen menm sekre ki nan kè yo.” Li di: “Yo va tande sila.”

¹⁵⁷ “Ebyen,” mwen di: “Mesye, se poutèt sa mwen isi a aswè a. Frè m minis yo t ap di m ke bagay sa yo k ap rive m lan yo pa t bon.”

¹⁵⁸ Li di: “Ou ne nan mond sa a pou rezon sa a.” (Ou wè, “don yo ak apèl yo san repantans.”) Li di: “Ou ne nan mond sa a pou rezon sa a.”

¹⁵⁹ Epi mwen di: “Ebyen, Mesye,” mwen di, “ke, frè m ki minis yo di m li, ke se te move lespri a—a.” Epi mwen di: “Yo. . . Se poutèt sa mwen isi a m ap priye.”

¹⁶⁰ E men ki sa Li te site pou mwen. Li te pale mwen konsènan vini Seyè Jezi a, premye fwa L la. Epi mwen di. . .

¹⁶¹ Bagay ki te etranj lan, zanmi m yo. . . Ebyen, m pral rete la a jis yon minit, pou retounen deyè. Sa k te konn fè m pè pi plis, se ke chak fwa m te rankontre yon moun k ap predi lavni, yo te ka rekonèt gen yon bagay ki te pase. E sa ta jis. . . sa te prèske touye m.

¹⁶² Pa egzanp, yon jou mwen menm ak kouzen m yo nou t ap pwomennen nan yon—yon kanaval, e nou te jis jèn gason, nou t ap pwomennen. Alò te gen yon vye ti madanm ki t ap predi lavni ki te chita la anba youn nan tant sa yo, yon jèn dam, yon bèl jèn dam, li te chita la. Epi nou tout t ap pase ansanm, nou t ap pwomennen bò la. Li di: “Ey, ou menm, vin isi yon minit!” Epi nou touletwa ti gason yo te vire tounen. Epi li di: “Ou menm ki gen chanday ak ba yo.” Se te mwen menm.

¹⁶³ Epi mwen di: “Wi madanm?” Mwen te panse petèt li te vle m al chache yon Kokakola pou li, oswa yon lòt bagay konsa. E li te yon—yon jèn fanm, petèt nan debi ventèn li konsa, ki te chita

la. Epi m t al jwenn li, mwen di: “Wi madanm, ki sa m ta ka fè pou ou?”

164 Epi li di: “Tande, èske w te konnen gen yon—yon Limyè k ap swiv ou? Ou te ne sou yon siy espesyal.”

Mwen di: “Ki sa w vle di?”

165 Li di: “Ebyen, ou te ne sou yon siy espesyal. Genyen yon Limyè k ap swiv ou. Ou te ne pou yon apèl Diven.”

Mwen di: “Wete kò w la a, madanm!”

166 Mwen te kòmanse ap wete kò m, paske manman m te toujou di m ke bagay sa yo soti nan dyab la. Li te gen rezon. Ki fè mwen . . . Sa te fè m pè.

167 Epi yon jou antan m te yon gadchas, m ta pral monte nan otobis la. E m te monte nan otobis la. Sanble mwen te toujou gen eksperyans ak espri yo. Mwen te kanpe la, epi te gen yon maren ki te kanpe dèyè do m. E mwen ta pral fè patwouy, e mwen ta pral nan Forè Henryville la, nan otobis la. Mwen te kontinye santi yon bagay etranj. Mwen te gade la ozalantou, epi te gen yon—yon gwo gwo madanm byen lou ki te chita la, byen abiye. Li di: “Kouman w ye?”

Mwen di: “Kouman w ye!”

168 Mwen panse se te jis yon fanm, ou konnen, k ap pale, ki fè mwen te jis kontinye. . . Li di: “Mwen ta renmen pale avèk ou yon minit.”

Mwen di: “Wi madanm?” Mwen te tounen kò m.

Li di: “Èske ou te konnen ou ne sou yon siy?”

169 Mwen panse: “Yon lòt pami fanm ki dwòl sa yo.” Ki fè m te jis ap gade deyò. E alò m pa janm di yon mo, m te jis kontinye. . .

170 Li di: “Èske m ta ka pale avè w yon minit?” Mwen te jis kontinye. . . Li di: “Pa aji konsa.”

171 M te jis kontinye ap gade devan. Mwen panse: “Se pa janti.”

Li di: “M ta renmen pale avè w jis yon moman.”

172 M te jis kontinye ap gade devan, epi mwen pa t okipe l ditou. Dirèkteman mwen panse: “Mwen kwè m pral wè si l ap di menm bagay ak lòt yo.” Mwen te vire tounen, m panse: “O la la! Sa ka mete m nan pwoblèm, m konnen.” Paske, m te rayi panse bagay sa. M te vire tounen.

173 Li di: “Petèt ke li ta bon pou m eksplike tèt mwen.” Li di: “M se yon astwològ.”

Mwen di: “M te panse ke se yon bagay konsa ou te ye.”

174 Li di: “M sou wout pou m al Chicago pou m al wè pitit gason m ki se yon minis Batis.”

Mwen di: “Wi madanm.”

175 Li di: “Pèsonn moun pa janm di w ke ou ne sou yon siy?”

176 Mwen di: “Non, madanm.” M te manti ba li la a, ou wè, epi mwen di . . . m te vle jis wè sa l ta pral di. Epi li di . . . Mwen di: “Non, madanm.”

Epi li di: “Èske . . . Èske minis yo pa janm di ou sa?”

Mwen di: “M pa gen anyen pou m wè ak minis yo.”

Epi li di: “En—en.”

Epi mwen di . . . li—li di m . . . Mwen di: “Ebyen . . .”

177 Li di: “Si m di ou egzakteman ki lè w te fèt, èske w ap kwè m?”

Mwen di: “Non madanm.”

Epi li di: “Ebyen, mwen ka di ou ki lè w te fèt.”

Mwen di: “M pa kwè sa.”

178 Epi li di: “Ou te fèt le 6 avril 1909, a senkè dimaten.”

179 Mwen di: “Se vre.” Mwen di: “Kòman ou fè konn sa?” Mwen di: “Di maren sa a ki la ki lè li fèt.”

Li di: “Mwen pa kapab.”

Epi mwen di: “Poukisa? Kouman w fè konnen?”

180 Li di: “Gade, mesye.” Li di, lè li kòmanse pale de astwonmi sa a alèkile, epi li di: “Chak anpil ane . . .” Li di: “Ou sonje lè etwal dimaten an te vini an, sa te kondwi maj yo al jwenn Jezikri?”

181 Epi m te on jan evite reponn, ou konnen, mwen di: “Ebyen, mwen pa konnen anyen nan zafè relijyon.”

182 Epi li di: “Ebyen, ou tande pale de maj yo ki te vin wè Jezi.”

Mwen di: “Wi.”

Epi li di: “Ebyen, ki sa yon maj te ye?”

“O,” mwen di, “yo te jis mesye save yo, se tout sa m konnen.”

183 Li di: “Ebyen, ki sa yon maj ye?” Li di: “Menm bagay ke mwen ye a, yon astwològ, ‘obsèvatè etwal’ yo rele yo.” Epi li di: “Ou konnen, anvan Bondye fè nenpòt bagay sou—sou tè a, Li toujou anonse l nan syèl la, epi apre sou tè a.”

Epi mwen di: “M pa konnen.”

184 Epi li di: “Ebyen . . .” Li site de osinon twa, de . . . twa zetwal, tankou Mas, Jipitè, epi Venis. Se pa t yo menm, men li di: “Chimen yo te kwaze epi yo vin aliye ansanm epi yo te fòmè . . .” Li di: “Te genyen twa maj ki te vin pou rankontre Seyè Jezi, e youn te desandan Kam, e youn Sèm, epi lòt la Jafèt.” Epi li di: “Lè yo te rankontre ansanm nan Betleyèm, twa zetwal kote yo te soti yo . . . Chak moun sou tè a,” li di, “gen yon bagay pou yo wè ak zetwal yo.” Li di: “Mande maren sa a la lè lalin lan disparèt epi lòt planèt nan syèl la disparèt, si vag yo pa disparèt epi si yo pa vini avè l.”

Mwen di: “Mwen pa bezwen mande l sa, mwen konnen sa.”

185 Epi li di: “Ebyen, nesans ou gen yon bagay pou l wè ak zetwal yo ki anwo a.”

Epi mwen di: “Ebyen, sa mwen pa konnen.”

186 Epi li di: “Bon, twa mesye save sa yo te vini.” Epi li di: “Lè twa zetwal yo, lè yo . . . Yo te soti nan direksyon ki diferan epi yo vin rankontre nan Betleyèm. Epi yo di ke yo vin dekouvri epi yo konsilte youn ak lòt, e youn se te desandan Kam, Sèm ak Jafèt, twa pitit Noye yo.” Epi li di: “Ki fè yo te vini epi yo te adore Seyè Jezikri a.” Epi li di: “Lè yo t ap pati,” li di, “yo te pote kado e yo te ofri Li.”

187 Epi li di: “Jezikri te di nan ministè Li ke lè Levanjil sa a va fin preche nan lemond antye (a pèp Kam, Sèm ak Jafèt), alò Li va retounen.” Epi li di: “Bon, planèt sa yo, planèt yo ki nan syèl la, antan y ap tounen. . . .” Li di: “Yo te separe. Depi lè sa a yo pa janm retounen sou tè a, kòm nou konnen. Men” li di, “chak plizyè santèn lane, òbit yo kwaze youn ak lòt *konsa*.” Si ta genyen yon astwonòm isi a, ou ka konnen de ki sa li t ap pale a. Mwen pa konnen. Ki fè lè li t ap pa- . . . Li di: “Yo kwaze konsa.” Epi li di: “Pou selebre pi gwo Kado ki pa janm bay a limanite, lè Bondye te bay Pitit Li a. Lè planèt sa yo kwaze ankò, ebyen,” li di, “Li voye yon lòt kado bay latè.” Epi li di: “Ou ne nan kwazman tan sa a.” Epi li di: “Se pou rezon an mwen te konnen sa.”

188 Ebyen, alò mwen di: “Madanm, dabò, mwen pa kwè anyen nan sa. Mwen pa relijye, epi m pa vle tande anyen de bagay sa a ankò!” M t al fè wout mwen. E alò m te koupe l lapawòl sèk. Epi m te soti.

189 Epi chak fwa ke nenpòt . . . M te trouve m bò kote youn nan yo, se konsa sa konn pase. Epi m panse: “Poukisa dyab sa yo fè sa?”

190 Alò predikatè yo ap di: “Sa se dyab la! Sa se dyab la!” Yo te fè m kwè l.

191 Epi ki fè jou swa sa a laba a lè mwen . . . lè Li fè referans a sa, mwen mande Li, mwen di: “Ebyen, poukisa tout divinò sa yo ak lòt bagay konsa, epi tout moun ki posede ak dyab sa yo, toujou ap pale m de Sa; epi klèje a ki, frè m yo, di m ke sa se yon move espri?”

192 Bon, tande sa L di, Sila Ki pandye la nan foto a. Li di: “Jan sa te ye lè sa, se konsa sa ye kounye a.” Epi Li kòmanse montre m, ke, “Lè ministè Seyè Jezikri nou an te kòmanse ap opere, minis yo te di ke ‘Li te Bèlzeboul, dyab la’; men dyab yo te di ke ‘Li te Pitit Bondye, Sen Izrayèl la.’ Dyab yo . . . Epi gade Pòl ak Banabas lè yo te laba a yo t ap preche. Minis yo di: ‘Mesye sa yo ap mete lemond tèt anba. Yo pa bon, yo se—yo se dyab la.’ Epi yon vye ti madanm k ap predi lavni deyò nan lari a, te rekonèt ke Pòl ak Banabas se te sèvitè Bondye, li di, ‘Yo se sèvitè Bondye k ap montre nou chimen Lavi a.’” Èske se vre? “Espirityalis yo ak divinò yo, moun ki posede ak demon yo.”

193 Men nou si tèlman egri ak teyoloji jouk nou pa konnen anyen konsènan Lespri. Mwen espere ke n ap renmen m apre sa. Men se sa li ye. M ap pale de Pannkotis tou! Se vre. Jis paske w ap kriye epi w ap danse pa vle di ke ou konnen kèk bagay konsènan Lespri a.

194 Se yon relasyon pèsònèl, yon fas a fas, se sa ke w bezwen. Se yon jan de Legliz konsa ke Bondye pral leve, se vre, lè yo va reyini ansanm nan linite ak pwisans, nan Lespri.

195 Epi Li pale de sa. Epi Li di m kòman ke klèje a te mal konprann Li, epi Li asire m ke klèje a te mal konprann Li. Epi lè Li rakonte m tout sa epi kòman ke Jezi . . .

196 Mwen di: “Ebyen, ki sa sa ye, bagay sa yo ki rive m lan?”

197 Epi, ou wè, Li di: “Sa pral miltipliye epi Li pral vin pi gran e pi gran.” Epi Li pale avè m, Li rakonte m kòman Jezi te fè sa; kòman Li te vini epi Li te posede ak yon Pwisans ki te kapab konnen bagay yo davans epi pale a fanm yo bò pwi a, Li pa t pretann ke Li se yon gerisè, Li te deklare ke Li fè tout bagay sa yo jis jan Papa a te montre L.

Mwen di: “Ebyen, ki jan de espri sa ta kapab ye?”

Li di: “Se te Sentespri a.”

198 Alò la menm yon bagay te pase anndan m, se ke mwen te reyalize ke menm bagay ke m t ap vire do m ba Li a se pou Li ke Bondye te voye m isi a. Epi mwen te reyalize ke se te jis menm jan an ak Farizyen sa yo nan tan pase yo, yo te mal entèprete Lekriti pou mwen. Ki fè depi lè sa a mwen te gade pwòp entèpretasyon m sou Sa, sa Sentespri a di.

Mwen di Li: “Mwen prale.”

Li di: “M ap avè w.”

199 Epi Anj lan leve pye L mete anndan Limyè a ankò ki te pran tounen epi tounen, epi tounen epi tounen, epi tounen alantou pye Li konsa, epi Li monte anndan Limyè a epi Li soti anndan kay la.

M te yon lòt moun lè m t al lakay mwen.

200 M te ale nan legliz la epi m te rakonte moun yo sa. La . . . se te yon dimanch swa.

201 Epi nan mèkredi swa yo te pote yon fanm laba a, youn nan enfimyè klinik Mayo yo ki t ap mouri ak kansè, pa t ret anyen ke yon lonbraj. Lè m te desann pou mwen te ka touche l, yon vizyon parèt la menm, li montre ke li te yon enfimyè ankò. E li sou lis moun nan Louisville, ki “te mouri depi plizyè lane.” Men l la nan Jeffersonville kounye a, kòm enfimyè, ap travay kòm enfimyè pandan dè zane. Paske, mwen te leve je m gade la, e m te wè vizyon sa a. Mwen te vire tounen, m te apèn konnen sa m t ap fè, m te kanpe la, mwen te fremi lè yo te pote premye ka sa a epi yo te depoze l la. Epi enfimyè yo ak bagay ki te kanpe bò kote l, epi li te kouche la, ak figi l tou zo epi je l yo byen fon.

202 Margie Morgan. Si w vle ekri l, se 411 Knobloch Avenue, Jeffersonville, Indiana. Oswa ekri Clark County Hospital, Jeffersonville, Indiana. Kite l ba ou temwayaj la—la.

203 M t ap gade la. Epi m wè, pou premye ka sa a la, yon vizyon te parèt. Mwen te wè fanm sa a t ap travay kòm enfimye ankò, li t ap mache byen anfòm epi byen dyanm epi an sante. Mwen te di: “MEN SA SEYÈ A DI, ‘W ap viv, e w p ap mouri!’”

204 Mari l, se yon nonm ki nan gwo pozisyon nan zafè mond sa a, li te gade m *konsa*. Mwen di: “Mesye, ou pa bezwen pè! Madanm ou ap viv.”

205 Li te rele m deyò a, li di . . . li te rele de osinon twa doktè, li di: “Ou konnen yo?”

Mwen di: “Wi.”

206 “Ebyen,” li di, “mwen te jwe gòlf avèk li. Li di: ‘Kansè a tèlman vlope trip li yo ke ou pa menm ka ba l yon lavman.’”

207 Mwen di: “M pa bezwen konn sa l genyen an! Gen yon bagay fon anndan la, mwen te gen yon vizyon! Epi Nonm sa a ki te pale avè m lan, te di, nenpòt sa m va wè a, pou m di l epi li va rive. Epi Li te di m li epi mwen kwè l.”

208 Lwanj pou Bondye! Kèk jou apre sa li t ap fè lesiv li, li t ap pwomennen. Li peze apeprè sanswasant senk liv kounye a, sante l anfòm nèt.

209 Alò osito ke mwen te aksepte, li te pati. Ki fè Robert Daugherty te rele m. Epi sa kòmanse gaye, nan tout Texas, epi atravè lemond.

210 Epi yon jou swa, se te anviwon katriyèm oswa senkyèm fwa ke . . . M pa t kapab konprann pale an lang e latriye. Mwen te kwè nan batèm Sentespri a, mwen te kwè ke moun yo te ka pale an lang. Epi yon jou swa antan m t ap mache pou m al sou . . . nan yon katedral, nan San Antonio, Texas, m t ap mache la, yon ti jènjan ki te chita la te pran pale an lang tankou yon fizi chas, oswa yon mitrayèt ki t ap tire byen vit. Jis deyè nèt, jis deyè nèt la, yon nonm leve kanpe epi li di: “MEN SA SEYÈ A DI! Mesye ki pral sou estrad la ap avanse avèk yon ministè ke Bondye Toupwisan an te òdone. Epi menm jan yo te voye Jan Batis pou l anonse davans premye vini Jezikri a, alò li mennen yon Mesaj k ap lakòz Dezyèm Vini Seyè Jezikri a.”

211 Mwen te santi m demantibile. Mwen te leve je m, mwen di: “Ou konn mesye sa a?”

Li di: “Non, mesye.”

Mwen di: “Èske w konnen l?”

Li di: “Non, mesye.”

Mwen di: “Èske w konnen m?”

Li di: “Non, mesye.”

Mwen di: “Ki sa w ap fè isi a?”

212 Li di: “Mwen li sa nan jounal.” E nòmalmman . . . Se te premye sware reyinyon.

Mwen gade laba epi mwen di: “Kòman w te fè vin isi a?”

213 Li di: “Kèk moun ke mwen konnen di m ke w ta pral vini isi a, ‘yon gerisè Diven,’ epi m vini.”

Mwen di: “Nou tout pa konnen youn lòt?”

Li di: “Non.”

214 O la la! Se la mwen wè ke pwisans Sentespri a menm . . . Alòske yon epòk pase mwen te panse se te yon move bagay, e mwen te konnen ke mwen . . . Menm Anj Bondye sa a te asosye ak moun sa yo ki te gen bagay sa yo. Menm si yo te genyen chalatan ak yon pakèt konfizyon ak yon pakèt pale anpil nan li, men te gen yon bagay otantik nan mitan yo. [Pati vid sou kasèt la—Editè a.] . . . Kris. E mwen te wè ke se—se te vre.

215 O, anpil lane pase, epi nan reyinyon yo moun yo te konn wè, vizyon yo e latrize.

216 Yon fwa yon fotograf te kapte Li nan yon foto pandan ke m te kanpe yon kote nan Arkansas, mwen kwè se te, nan yon reyinyon apeprè tankou sa, nan oditoryòm lan apeprè tankou sa. Epi mwen te kanpe, m t ap eseye eksplike L. Moun yo te konnen, yo te konn chita tandè, Metodis, Batis, Presbiteryen e latrize. Epi alò mwen te arive gade, men Li vini, ap vin nan pòt la, ap fè: “Wouuch, wouuch!”

217 Mwen di: “M p ap bezwen pale ankò, paske men Li vini kounye a.” Epi Li apwoche, epi moun yo kòmanse rele. Li pwoche bò kote mwen te ye a epi Li ret poze la.

218 Antan Li t ap poze, yon minis kouri monte epi li di: “Gade, mwen wè Sa!” Epi Li rann li avèg tankou—tankou sa m pa konnen, li te retounen ap kilbite. Ou ka gade foto l la menm nan liv la epi obsève kouman li te retounen ap kilbite ak tèt li bese konsa. Ou ka wè foto l.

219 Epi Li te poze la a. Se sèl fotograf jounal la ki te kapte L lè sa a. Men Seyè a pa t prè.

220 Epi yon jou swa nan Houston, Texas, lè, o, te gen plizyè milye de milye de moun . . . Nou te genyen uisan . . . uitmil laba a, nan jan yo rele l la, laba a nan sal mizik la, nou te retounen nan gran Estad Sam Houston lan.

221 Epi la a nan deba jou swa sa a, lè yon predikatè Batis te di mwen “pa anyen ke yon vye ipokrit epi yon twonpè, yon twonpè relijye, e yo ta dwe mete m deyò nan vil la” epi se li ki ta dwe fè l.

222 Frè Bosworth di: “Frè Branham, èske w t a kite yon bagay konsa fèt? Leve defi a!”

223 Mwen di: “Non, mesye, mwen pa kwè nan pakèt diskisyon. Levanjil la pa fèt pou gen pakèt diskisyon, Li fèt pou yo viv Li.”

Epi mwen di: “Nenpòt fason ou ta konvenk li, li t ap jis kontinye ajì menm jan an.” Mwen di: “Li . . . sa pa t ap fè okenn diferans pou li. Si Bondye pa ka pale nan kè l, kòman m fè kapab?”

224 Jou ki vin apre a, sa soti nan Houston Chronicle, li di: “Sa montre ak ki sa yo fèt.” Li di: “Sa montre ak ki sa yo fèt, yo pè defann sa y ap preche a.”

225 Vye Frè Bosworth vin bò kote m, li te gen tan nan swasannizan fon lè sa a, yon bon vye frè, li mete bra li sou zepòl mwen, epi li di: “Frè Branham,” li di, “ou vle di ou pa pral leve defi sa?”

226 Mwen di: “Non, Frè Bosworth. Non, mesye. Mwen p ap leve defi a.” Mwen di: “Sa p ap itil anyen.” Mwen di: “Se jis pakèt diskisyon ke sa ap fè lè n ap kite estrad la.” Mwen di: “M gen reyinyon m ap òganize kounye a, e mwen pa vle tout bagay gate konsa.” Mwen di: “Jis kite l kontinye.” Mwen di: “Se tou, li jis ap radote.” Mwen di: “Nou konn genyen yo anvan, e sa pa itil anyen pou pale avèk yo.” Mwen di: “Yo prale touswit, y ap kenbe pozisyon yo.” Mwen di: “Si yon fwa yo te resevwa konesans Laverite epi alò yo p ap resevwa L, Bib la di ke yo travèse liy ki separe a epi yo p ap janm jwenn padon nan mond sa a ni nan mond k ap vini an. Yo rele Sa ‘dyab la’ e yo pa ka evite fè sa. Yo posede ak yon espri relijye ki se dyab la.”

227 Konbyen moun ki konnen ke se vre, ke yon espri dyab li relijye? Wi, mesye, jis osi fondamantalès ke yo kapab. E ki fè, alò, sa pa t sonnen trè byen lè mwen te di “fondamantalès,” men se vre. “Yo genyen aparans lapyete e yo renye sa k fè Pwisans li a.” Se vre. Siy yo ak mirak yo se sa k toujou konfime Bondye. Epi Li di ke se konsa sa pral ye nan dènye jou yo. Epi remake!

228 Vye Frè Bosworth, mwen . . . li ta pral vin avèk mwen, men li te yon jan fatige. Li te fèk soti Japon. Li ta pral vin isi a. Li gen pou ale Lubbock avèk mwen. Epi ki fè li te . . . li te gen yon ti, move grip, alò li pa t kapab vini fwa sa a, li menm ak madanm li. Epi ki fè li . . .

229 Tout moun panse ke li te sanble ak Kalèb. Li te kanpe la, li te di: “Ebyen, Frè Branham,” ak yon rega ranpli ak diyete, ou konnen, li di, “kite m al fè l,” epi li di, “si w pa vle fè l.”

230 Mwen di: “O Frè Bosworth, mwen—mwen pa vle w fè l. Ou pral nan pakèt diskisyon.”

Li di: “P ap gen yon sèl mo pou fè pakèt diskisyon.”

231 Kounye a, jis anvan ke mwen fini, koute sa. Li te ale laba a. Mwen te di: “Si nou pa pral nan pakèt diskisyon, se kòrèk.”

Li di: “Mwen pwomèt p ap gen pakèt diskisyon.”

232 Te gen apeprè trantmil moun ki te reyini nan oditoryòm sa a jou swa sa a. Frè Wood, ki chita isi a la, te la lè sa a, e li te chita nan oditoryòm sa a. Epi mwen . . .

233 Pitit gason m lan di, oswa . . . Madanm mwen di: “Ou pa pral nan reyinyon sa a?”

234 Mwen di: “Non. M pa ta vle al laba a pou m tande yo k ap fè pakèt diskisyon. Non, mesye. M pa ta vle al laba a pou m tande sa.”

Lè aswè vin rive, yon Bagay di: “Ale laba a.”

235 Mwen pran yon taksi, frè m lan, ak madanm mwen ak pitit mwen yo, n ale. Epi mwen te monte jis anwo a, nan balkon nimewo trant lan, byen wo konsa, epi m te chita.

236 Vye Frè Bosworth te avanse la jis tankou yon vye diplomat, ou konnen. Li te rekopye kèk . . . Li te genyen sisan pwomès diferan nan Bib la ke l te kopye la. Li di: “Bon, Doktè Best, si w vle avanse isi a epi pran youn nan pwomès sa yo epi montre ke li fo selon Bib la. Chak pwomès sa yo ki nan Bib la deklare ke Jezikri ap geri malad jodi a. Si w ka pran yon sèl nan pwomès sa yo epi, avèk Bib la, kontredi l ak Bib la, m ap chita, m ap ba ou lanmen, m ap di ‘Ou gen rezon.’”

237 Li di: “M pral okipe m de sa lè m monte la!” Li te vle pase an dènye pou l te ka moke Frè Bosworth, ou wè.

238 Ki fè Frè Bosworth di: “Ebyen, Frè Best, m ap poze w yon kesyon, e si w reponn mwen ‘wi’ ou ‘non,’” li di, “n ap jis sispann deba a kounye a menm.”

Epi li di—li di: “M ap okipe m de sa!”

Li mande moun ki te abitye la si l ka poze l kesyon an. Li di: “Wi.”

239 Li di: “Frè Best, èske non redanmtè ke Jewova genyen yo aplike a Jezi? ‘Wi’ ou ‘non?’”

240 Sa te fini la. Se te tou. M ap di w, m te senpleman santi yon bagay travèse tout anndan m. M pa t janm panse sa, mwen menm, ou wè. Epi mwen te panse: “O la la, li pa ka reponn! Sa mare l.”

Li di: “Ebyen, Doktè Best, mwen—mwen etone.”

Li di: “M ap okipe m de sa!”

241 Li di: “Mwen etone ke ou pa ka reponn kesyon m ki pi fèb la.” Li te gade san fwa l, e li te konnen kote l te kanpe. Ki fè li te jis chita la avèk Ekriti sa a.

Li di: “Ou mèt pran trant minit ou yo, m a reponn apre sa!”

242 Epi vye Frè Bosworth te kanpe la epi li te pran Ekriti sa a epi li te mare men nonm sa a yon fason jouk figi l te vin si tèlman wouj ke ou te ka prèske limen yon alimèt sou li.

243 Li te leve kanpe la, tou fache, epi li te jete papyè yo atè, li monte anlè la epi li preche yon bon sèmon selon doktrin Campbell yo. Mwen te yon Batis, mwen konn sa yo kwè. Li pa janm . . . Li t ap preche sou larezirèksyon, “‘lè kò mòtèl sa a va vin imòtèl,’ alò nou va genyen gerizon Divin.” O la la! Poukisa n

ap bezwen gerizon Divin apre ke nou vin imòtèl (“lè kò mòtèl sa a va vin imòtèl,” se rezirèksyon mò yo)? Li te menm gen dout sou mirak Jezi te fè pou resisite Laza a, li di: “Li te mouri ankò, e se te jis yon bagay ki pa t dire.” Ou wè?

244 E lè li te fin pale konsa, li di: “Mennen gerisè Diven sa a vin la a epi kite m wè l an aksyon!”

245 Yo te gen yon diskisyon lè sa a. Frè Bosworth di: “Ou fè m sezi pou ou, Frè Best, ou pa reponn youn nan kesyon ke m poze w yo.”

246 E ki fè li te fache tout bon lè sa a, epi li di: “Mennen gerisè Diven sa a vin la epi kite m wè l an aksyon!”

Li di: “Frè Best, èske w kwè ke gen moun ki sove?”

Li di: “Sèten!”

Li di: “Èske ou ta renmen yo rele w yon sovè Diven?”

Li di: “Sètènman pa!”

247 “Ni tou . . . Sa pa ka fè de ou yon sovè Diven paske w ap preche sali pou nanm.”

Li di: “Ebyen, sètènman pa!”

248 Li di: “Sa pa fè non plis de Frè Branham yon gerisè Diven poutèt l ap preche gerizon Divin pou kò a. Li pa yon gerisè Diven, l ap dirije moun yo bay Jezikri.”

249 Epi li di: “Mennen l vini, kite m wè l an aksyon! Kite m wè moun yo, apre yon lane, epi m a di w si m ap kwè L oswa si m ap kwè L.”

250 Frè Bosworth di: “Frè Best, sa sonnen tankou yon lòt ka sou Kalvè a, ‘Desann sou Kwa a epi n a kwè nan Ou.’” Ou wè?

251 Epi ki fè, o, li te fache tout bon lè sa a. Li di: “Kite m wè l an aksyon! Kite m wè l an aksyon!” Abit yo te fè l chita. Li te avanse vin bò kote yon predikatè Pannkotis ki te kanpe la, li te pran souflete l sou tout estrad la. Epi ki fè yo te fè l sispann lè sa a. (Ki fè Frè Bosworth di: “Men ni, men ni! Non, non.”) Ki fè abit yo te fè l chita.

252 Raymond Richey leve kanpe, li di: “Èske se konsa Southern Baptist Convention fonksyone?” Li di: “Nou menm predikatè Batis yo, èske se Southern Baptist Convention ki voye nonm sa a isi a oswa se li ki vin poukò l?” Yo pa t vle reponn. Li di: “Mwen poze nou yon kesyon!” Li te konnen yo, yo chak.

253 Yo di: “Li vin poukò l.” Paske mwen konnen ke Batis yo kwè nan gerizon Divin, tou. Ki fè alò li di: “Li vin poukò l.”

254 Ki fè men sa k te pase apre sa. Alò Frè Bosworth di: “Mwen konnen ke Frè Branham nan reyinyon an, si li vle vini pou li klotire asanble a, se trè byen.”

Alò Howard di: “Rete chita!”

Mwen di: “M ap rete chita.”

255 Epi menm moman an yon Bagay apwoche bò kote m, Li pran vire anwon, e mwen te konnen Se te Anj Seyè a, Li di: “Leve kanpe!”

256 Apeprè senksan moun te mete men yo ansanm *konsa*, yo te fè yon pasaj, mwen te desann pou m ale sou estrad la.

257 Mwen di: “Mezanmi, mwen pa yon gerisè Diven. Mwen se frè nou.” Mwen di: “Frè Best, san mank . . .” Oswa: “Frè Best,” mwen di, “san manke w respè, frè mwen, pa ditou. Ou gen dwa genyen konviksyon pa w, mwen menm tou.” Mwen di: “Se vre, ou wè ke ou pa t ka pwouve opinion w lan bay Frè Bosworth. Ou pa t ap kapab pwouve l tou bay pèsòn ki konn li Bib la byen, ki konnen bagay sa yo.” Mwen di: “Pou kesyon geri moun lan menm, m pa ka geri yo, Frè Best. Men mwen isi a chak swa, si w vle wè Seyè a ap fè mirak, ou mèt vini. Li fè sa chak swa.”

258 Epi li di: “M ta renmen wè ou geri yon moun epi kite m egzamine yo! Ou kapab inoptize yo ak inoptis ou a, men,” li di, “mwen ta renmen wè l apre yon lane!”

Mwen di: “Ebyen, ou t ap gen dwa egzamine yo, Frè Best.”

259 Li di: “Se nou menm sèl ki se yon bann egzalte estipid ki kwè nan jan de bagay sa. Batis yo pa kwè nan bagay ki pa gen sans sa yo.”

260 Frè Bosworth di: “Jis yon moman.” Li di: “Konbyen moun la a, pandan de semèn reyinyon sa yo isi a, ki se bon jan manm bèl legliz Batis sa yo isi a nan Houston, ki kapab pwouve ke Bondye Toupwisan an te geri nou pandan ke Frè Branham te isi a?” E te gen plis ke twasan ki te leve kanpe. Li di: “Sa w di pou sa?”

261 Li di: “Yo pa Batis!” Li di: “Nenpòt moun ka temwaye nenpòt bagay, sa pa toujou vle di ke se vre!”

262 Li di: “Pawòl Bondye di ke se vre, epi ou pa ka reziste a sa. Epi moun yo di ke se vre, e ou pa ka demanti sa. Ki fè ki sa ou pral fè ak Sa?” Ou wè, konsa.

263 Mwen di: “Frè Best, mwen di sèlman sa ki Verite. E si mwen di sa k vre, Bondye oblije kore Laverite.” Mwen di: “Si Li pa fè l . . . Si Li pa kore Laverite, alò Li pa Bondye.” Epi mwen di: “Mwen pa konn geri moun. Mwen fèt avèk yon—avèk yon don pou mwen wè anpil bagay, mwen wè l ap rive.” Mwen di: “Mwen konnen ke yo mal konprann mwen, men m pa ka fè plis ke akonpli konviksyon kè m.” Mwen di: “Mwen kwè ke Jezikri te resisite nan lanmò. E si Lespri a ki vini epi Li montre vizyon ak lòt bagay, si sa mennen kesyon, vin fè yon ti tou epi chache konnen.” Mwen di: “Se tou.” Men mwen di: “Men pou mwen menm, m pa ka fè anyen pou tèt pa m.” Epi mwen di: “Si m di Laverite, Bondye gen obligasyon anvè mwen, pou temwaye ke Se Laverite.”

264 Epi apeprè menm lè sa a, yon Bagay fè “Wououououhh!” Men Li vini, Li desann tou dwat. Epi Asosiyasyon Ameriken pou Fotograf yo, Douglas Studios ki nan lavil Houston, nan Texas, te

enstale gwo kamera foto l lan la a (yo pa t gen dwa pran foto), yo te pran foto.

265 Pandan yo te la pou yo te pran foto M. Best, e li—li te di, anvan m te rive, li di: “Tann yon minit! Mwen gen sis foto k ap vini la!” Li di: “Men, pran foto m kounye a!” Epi li mete dwèt li nan nen vye sentòm sa a, konsa, li di: “Kounye a pran foto m!” E yo te fè l. Epi li mare pwèn l, epi li leve l anlè, li di: “Kounye a pran foto m!” E yo te pran l konsa. Epi li te fè konsa, pou l poze pou foto l la. Li di: “N a va wè sa nan magazin mwen an!” konsa.

266 Frè Bosworth te kanpe la e li pa t janm di anyen. Epi yo te jis pran foto Sa.

267 Sou wout pou m al lakay mwen jou swa sa a, (se yon ti gason Katolik ki te pran l), li te di lòt ti gason sa a, li di: “Ki sa w panse de Sa?”

268 Li di: “Mwen konnen mwen te kritike l. Lè gwat sa a te kite gòj fanm sa a, mwen te di ke li te inoptize l.” Li di: “Mwen ka te twonpe m sou sa.”

Li di: “Ki sa w panse de foto sa a?”

“M pa konnen.”

269 Yo te mete l nan asid. Men foto li te pran an, ou ka mande l si w vle. Yo te al lakay yo, li te chita la epi li te fimen yon sigarèt. Li te antre epi li te soti youn nan pa Frè Bosworth, se te negatif la. Li te soti de, twa, kat, senk, sis, e yo tout te soti blan. Bondye pa t ap pèmèt yon foto vye sentòm Li an ki te kanpe la avèk ipokrit sa a, ak nen li, oswa men li, pwèn li mare anba nen li konsa. Li pa t ap pèmèt sa.

270 Yo te soti sa apre a, epi Li te la. Nonm lan te gen yon atak kè, yo di, jou swa sa a.

271 Epi yo te voye negatif sa a nan Washington, D.C. Yo te mete yon dwa dotè sou Li, epi yo te voye l tounen.

272 Epi George J. Lacy, chef sèvis nan zafè anprent ak dokiman, ak bagay konsa, nan FBI, youn nan pi gran ki genyen nan lemond antye, yo te fè l vini la e yo te kenbe l pandan de jou sou li pou l te ka egzamine kamera a, limyè yo, ak tout lòt bagay yo. E lè nou te rive jou apre midi sa a, li di: “Reveran Branham, mwen te konn kritike w tou.” Li di: “E mwen te di sa se sikoloji, yon moun te di ke yo te wè Limyè sa yo ak lòt bagay konsa.” Epi li di: “Ou konnen, vye ipokrit la konn abitye di ke” (li t ap pale de enkwayan an) “‘imaj sa yo ki antoure, oreyòl sa ki antoure Kris la, ki antoure sen yo,’ li di, ‘sa se te tou senpleman sikoloji.’” Men li di: “Reveran Branham, je mekanik kamera sa a pa ka kapte sikoloji! Limyè a frape objektif la, oswa frape negatif la, epi men L te la.” Epi li di . . .

273 Mwen te remèt yo foto a. Li di: “O, mesye, èske w konnen konbyen sa vo?”

Epi mwen di: “Pa pou mwen, frè, pa pou mwen.” Epi alò li di . . .

274 “Natirèlman, li p ap janm fè efè pandan ke w vivan, men yon jou, si sivilizasyon an ap kontinye avanse epi Kreyènte a la ankò, gen yon bagay k ap pase konsènan sa.”

275 Alò, nanmi, aswè a si se dènye reyinyon nou gen sou tè sa a, ou menm avè m nou chita nan Prezans Bondye Toupwisan an. Temwayaj mwen an vre. Anpil, anpil bagay, se pa ti volim liv sa t ap pran pou ekri sa, men mwen vle ke w konnen.

276 Konbyen moun la an reyalite, san foto a, ki wè Limyè a Li menm kanpe bò kote m pandan m ap preche? Leve men nou, nan tout edifis la, nenpòt moun ki deja wè L. Ou wè, anviwon uit oswa dis men ki chita isi a.

277 Ou di: “Èske—èske yo ta ka wè L epi mwen menm m pa wè L?” Wi, mesye.

278 Etwal sa a—sa a ke maj yo t ap swiv la te pase anlè tèt tout kote k ap obsève zetwal. Pèsòn pa t wè L eksepte yo menm. Se yo menm sèl ki te wè L.

279 Eli te kanpe la li t ap gade tout charyo dife sa yo, ak tout lòt bagay. Epi Geazi te gade alantou, li pa t ka wè yo okenn kote. Bondye di: “Ouvri je li pou l ka wè.” Epi alò li te wè yo, ou wè. Men se te yon bon gason, li te kanpe la li t ap gade alantou, men li pa t kapab wè l. Sèten. Genyen moun ki te destine pou yo wè, epi genyen lòt ki pa t destine pou yo wè. E se vre.

280 Men kounye a ou menm ki pa janm wè L, ki pa janm wè L, e ou menm ki wè L avèk je natirèl ou epi ki pa janm wè foto a, poutan sila yo ki wè foto a genyen yon pi gran prèv ke noumenm ki wè L avèk je natirèl nou. Paske ou menm, avèk je natirèl ou, ou ta kapab twonpe w, li ta kapab yon ilizyon optik. Se pa vre? Men Sa se pa yon ilizyon optik, Sa se Laverite, kote ke rechèch syantifik yo pwouve ke Se Laverite. Alò se Seyè Jezi a ki fè sa.

Ou di: “Frè Branham, ki sa w panse Sa ye alò?”

281 Mwen kwè ke Se menm Kolòn Dife a ki te kondwi pitit Izrayèl yo depi Ejip jouk nan Palestin. Mwen kwè ke Se menm Anj Limyè a ki te antre nan—nan prizon an epi ki te pwoche bò Sen Pyè e ki te touche li, epi ki te pran devan epi li te ouvri pòt la epi li te mete l deyò nan limyè a. E mwen kwè ke Se Jezikri menm lan ayè, jodi a ak pou toutan. Amèn! Li se menm Jezi jodi a ke Li te ye ye a. L ap rete menm Jezi a pou toutan.

282 E antan m ap pale de Li a, menm Limyè sa a ki nan foto sa a sou . . . pa kanpe pi lwen ke de pye kote mwen kanpe kounye a. Se vre. Mwen pa kapab wè L ak je pa m—pa m, men mwen konnen ke Li la isi a. Mwen konnen ke L ap enstale anndan m kounye a menm. O! Si w te kapab jis konnen diferans ke sa fè lè pwisans Bondye Toupwisan an antre an aksyon, e ki jan bagay yo parèt diferan!

283 Sa se yon defi pou tout moun. Mwen pa ta pral priye pou okenn moun malad, mwen ta pral fè yon konsekrasyon. Men vizyon an pandye sou tèt moun yo. En-en. Bondye konnen sa. M p ap fè okenn liy priyè, m ap jis kite n chita la. Konbyen moun nan nou la ki pa genyen kat pou lapriyè? Kite n wè men w, yon moun ki pa gen kat pou lapriyè, ki pa gen kat pou lapriyè.

284 Dam nwa ki chita la a, mwen wè men w yo leve. Èske se vre? Jis leve kanpe jis yon minit pou m ka idantifye w. M pa konnen ki sa Sentespri a ap di, men w ap gade m ak yon figi ki tèlman sensè. Ou pa genyen kat pou lapriyè? Si Bondye Toupwisan an ta revele m ki pwoblèm ou genyen. . . M ap fè sa sèlman pou m ka kòmanse, sèlman pou m ka kòmanse. Èske w kwè ke mwen se. . . Ou konnen pa gen anyen. . . pa gen yon sèl bagay ki bon nan mwen. Si w se yon madan marye, m pa plis ke mari w. Mwen se sèlman yon nonm. Men Jezikri se Pitit Bondye a, e Li te voye Lespri Li pou konfime bagay sa yo.

285 Si Bondye va di m ki pwoblèm ou (e ou konnen ke m pa gen okenn mwayen kontak avèk ou ditou), èske w vle kwè ak tout kè w? [Sè a di yon bagay—Editè a.] Bondye beni w. Alò tansyon w lan kite w. Se sa ke ou te genyen. Èske se pa t vre? Alò ou mèt chita.

286 Jis kwè sa yon fwa! Mwen bay nenpòt moun defi pou l kwè Sa.

287 Gade isit la, kite m di w yon bagay. Mat, k ap vin rankontre Seyè Jezi. Don sa a pa t ap janm opere. . . Apre Papa a te fin montre L ki sa Li ta pral fè. Sa pa t ap janm opere. Men li di: “Seyè, mwen. . . Si Ou te la, frè m lan pa ta mouri non.” Li di: “Men mwen konn sa, menm kounye a, Bondye va ba Ou nenpòt ki sa Ou mande Li.”

288 Li di: “Mwen se Rezirèksyon ak Lavi, sila ki kwè nan Mwen menm si l ta mouri, poutan li va viv. E kèlkeswa moun k ap viv e ki kwè nan Mwen p ap janm mouri. Èske ou kwè sa?”

289 Tande sa li di. Li di: “Wi, Seyè. Mwen kwè ke tout sa Ou di se Laverite. Mwen kwè Ou se Pitit Bondye ki te gen pou vin nan lemonn.” Se konsa l te apwoche Li, ak imilite.

Ou santi w diferan, pa vre, madanm? Wi. Se vre.

290 Ti dam ki chita la menm, bò kote w la tou, li soufri atrit ak yon maladi fanm. Èske se pa vre, madanm? Leve kanpe jis yon minit, ti dam ak rad wouj sou li a. Ou te si tèlman pwòch ke vizyon an vini sou ou. Atrit, maladi fanm. Se pa vre? Epi men yon bagay ki konsène lavi w (ou gen yon—gen yon bon rega, ki fran): ou genyen anpil traka nan lavi w, anpil pwoblèm. E pwoblèm sa a konsène yon byenneme w, se mari w. Li se yon tafyatè. Li pa vle al legliz. Si se vre, leve men w. Bondye beni w, madanm. Al lakay ou kounye a epi resevwa benediksyon w. Ou geri, limyè antoure w.

²⁹¹ Mesye ki chita jis akote l la. Ou menm, mesye, èske ou kwè? [Frè a di: “Wi. Mwen kwè.”—Editè a.] Ak tout kè w? [“Wi, mesye.”] Ou pèdi youn nan sans ou yo. Sa se sans pou pran sant. Èske se pa vre? Si se vre, balanse men w. [“Se vre.”] Mete men w sou bouch ou, *konsa*, di: “Seyè Jezi, mwen kwè nan Ou ak tout kè m.” [“Seyè Jezi, mwen kwè nan Ou ak tout kè m.”] Bondye beni w. Ale kounye a. W ap resevwa gerizon w.

²⁹² Mete fwa w nan Bondye! Ki sa nou tout panse de Sa, dèyè a la? Èske nou kwè? Montre respè!

²⁹³ Gen yon dam ki chita jouk nan fon an laba a nan kwen an. Mwen wè Limyè sa a ki pandye anlè tèt li. Se sèl fason sa mwen kapab konnen yon bagay sou sa, Limyè sa a ki pandye a. Limyè sa a isi a la pandye anlè tèt dam lan. Petèt jis nan yon minit, si m ka wè ki sa l ye. Sa pral devwale . . . Dam lan ap souffri ak yon—ak yon pwoblèm nan kè. L ap gade m tou drèt.

²⁹⁴ Epi mari li chita bò kote l. E mari l la gen yon maladi, li fèk tonbe malad, boulvèse, li malad. Èske se pa vre, mesye? Leve men w anlè si se vre. Se vre, se ou menm, madam, ak ti foula a la a. Mesye a, èske se pa vre? Èske ou pa t jis on jan boulvèse jodi a? Lestomak ou deranje, mesye a. Se vre.

²⁹⁵ Èske nou tout kwè ak tout kè nou, nou toulède? Nou aksepte Li? Mesye, m ap di ou, ou menm tou, mwen wè w ak men w ki leve a, ou abitye fimen. Sispann fè sa. Ou fimen siga, ou pa ta dwe fè sa, sa fè w malad. Èske se pa vre? Si se vre, balanse men w konsa. Se sa k ap deranje w la. Sa aji mal sou nè w yo. Jete vye bagay sal sa a epi pa fè l ankò, e ou va gen vikwa sou sa e ou va vin kòrèk, epi pwoblèm kè madanm ou an ap kite l. Ou kwè sa? Èske se pa vre? Mwen pa ka wè w kote m ye a, e ou konnen sa, men w ap pote siga sou . . . nan—nan pòch devan w. Se vre. Mete bagay yo deyò epi poze men w sou madanm ou, di Bondye ke w p ap janm manyen jan de bagay sa a ankò, ou va ale lakay ou geri, ou menm ak madanm ou ap vin byen. Ke Non Seyè Jezi a beni!

Èske w kwè ak tout kè w?

²⁹⁶ Ti dam sa a ki chita isi a la, k ap gade m isi a la. Ou menm ki sou . . . ki chita devan an la, ki chita isi a la menm. Yon ti dam avèk yon . . . k ap gade m, ki chita isi a la menm. Ou pa . . . Ou genyen yon kat pou lapriyè, madanm, isi a la? Ou pa genyen kat pou lapriyè? Èske w kwè ak tout kè w? Èske w kwè ke Jezikri ka geri w?

²⁹⁷ Ki sa ou panse de Sa, ou menm ki chita bò kote l la? Èske ou genyen yon kat pou lapriyè, madam? Ou pa genyen? Èske ou vle refè tou? Ou pa ta renmen al manje ankò jan w te konn abitye fè l, pou pwoblèm lestomak la fini? Èske w kwè Jezi geri w kounye a? Leve kanpe si ou kwè Jezikri geri w. Ou te gen yon ilsè nan lestomak ou, se pa vre? Se yon pwoblèm nè ki lakòz sa. Sa fè lontan ke w gen pwoblèm nè. Sitou asid ak lòt bagay, oswa mwen vle di sa fè asid, epi sa fè dan w yo vin sansib lè ou fè manje w

yo monte nan bouch ou ankò. Se laverite. Wi, mesye. Se yon ilse nan lestomak, li te chita nan fon lestomak ou. Li boule w pafwa sitou lè w fin manje yon pen griye ak bè sou li. Se vre? Mwen p ap li nan panse w, men Sentespri a pa ka fayi. Ou geri kounye a. Al lakay ou, pòte w byen.

298 E nou menm laba a, nan direksyon sa a? Kèk nan nou laba a ki pa gen kat pou lapriyè, leve men nou. Yon moun ki pa gen kat pou lapriyè. Dakò, montre nou gen respè, kwè ak tout kè nou. E nou menm ki nan balkon an anwo a? Gen lafwa nan Bondye.

299 Mwen pa ka fè sa poukò m, se Gras souverèn Li sèlman. Èske ou kwè? Mwen ka sèlman di sa Li montre m. Antan fwa w . . . Mwen di sa pou m sekwe fwa nou, epi m a wè nan ki direksyon L ap dirije m. Èske nou reyalize ke se—se pa frè nou an? Ou kanpe nan Prezans Li. Se pa mwen k ap fè sa, se fwa w k ap fè Li aji. Mwen pa ka fè Li aji. Se fwa w k ap fè sa. Mwen pa gen okenn mwayen pou m fè Li aji. Jis yon minit.

300 Nan kwen sa a mwen wè yon mesye nwa ki chita la, yon jan de ti granmoun, ki pote linèt. Ou gen yon kat pou lapriyè, mesye? Leve kanpe sou pye w on minit. Èske ou kwè ke m se sèvitè Bondye, ak tout kè w? W ap panse a yon lòt moun, se pa vre? Si se vre, balanse men w. Pa poutèt se mwen, ki frè w. Kounye a, ou pa genyen kat pou lapriyè. Pa t ap genyen okenn mwayen pou w janm vin nan liy lan, paske ou pa gen kat pou lapriyè. Kounye a, si nenpòt nan nou gen kat pou lapriyè, pa—pa—pa leve kanpe, ou wè, paske w ap gen chans pou w vin nan liy lan.

301 Men mwen wè Limyè sa a jis pandye anlè tèt li. Poko janm gen yon vizyon ki parèt. Mwen pa ka geri w, frè, mwen pa kapab. Se Bondye sèl ki ka fè sa. Men pa w la . . . pa w . . . ou genyen lafwa. Ou kwè. Epi gen yon—yon bagay, se—se li ki lakòz sa, yon kote.

302 Si Bondye Toupwisan va di nonm sa a ki pwoblèm li, èske nou menm ki rete la n ap resevwa gerizon nou? Men yon nonm, li kanpe a yon distans de trant a karantsenk pye de kote m ye a, pafètman, m pa janm wè l nan vi m. Li se jis yon nonm ki kanpe la. Si Bondye Toupwisan va revele ki sa ki pa byen avèk nonm sa a, nou tout dwe soti isi a la yon moun an sante. Ki sa pou Bondye fè plis? Se pa vre?

303 Mesye, pa gen anyen mal avèk ou. Ou fèb, ou gen yon ti pwoblèm leve lannwit, pwostat ak bagay konsa, men se pa sa k pwoblèm ou. Pwoblèm ou konsène pitit gason w lan. E pitit gason w lan nan yon jan de azil leta, epi li gen yon doub pèsonalite. Se pa vre? Balanse men w si se vre. Se sa egzaktman.

304 Konbyen moun ki kwè kounye a ke Jezikri Pitit Bondye a kanpe isi a la? Annou kanpe pou nou ba Li lwanj epi resevwa gerizon nou.

305 Bondye Toupwisan, ki Otè Lavi, Donatè tout bon don, Ou isi a la, menm Seyè Jezikri a, menm lan ayè, jodi a ak pou toutan.

³⁰⁶ Epi, Satan, sa fè lontan w ap blofe moun sa yo, soti nan yo! Mwen òdone w pa Bondye vivan an Ki gen Prezans Li isi a kounye a sou fòm Kolòn Dife a, kite moun sa yo! Epi soti nan yo, nan Non Jezikri!

³⁰⁷ Chak nan nou leve men w anlè epi bay Bondye lwanj, epi resevwa gerizon w, tout moun.



JAN ANJ LAN TE VIN KOTE M, AK KOMISYON LI AN CRE55-0117
(How The Angel Came To Me, And His Commission)

Mesaj sa-a ke Frè William Marrion Branham te preche premye fwa nan lang angle on lendi 17 janvyè 1955, nan Lane Tech High School nan Chicago, Illinois, U.S.A., yo te prann a pati de yon anrejistreman kasèt mayetik ke yo te enprime konplètman an angle. Tradiksyon kreyol sa-a te enprime e distribye tou pa Voice of God Recordings.

HAITIAN CREOLE

©2020 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org